ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІЕ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№229 (22.637) • 2013 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 26 , гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Хъыбар гуапэ

Мэкъумэшыщ Іэхэм я ехъулІэныгъэшхуэ

«ЩІым зы ептмэ, щэ къуетыж», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Абы и мыхьэнэр фІы дыдэу къагурОІуэ щІым телэжьыхь кІуэжьэдэхэмэ и Іуэхур Іэщ Іагъэ нэхъыщхьэ зыхуэхъэхэм. Апхуэдэу республикэм, нэхъапэм кІыщымыхъуауэ, мы гъэм гъавэу тонн мелуаным щІигъу кІыщрахьэлІэжащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен мы махуэхэм щыІащ Бахъсэн районым хьыбэ Псыхъуэрей къуажэм щыІэхэт «Деметра» мэкъумэш Іуэхущ Іапэм, абы Іэмалыщ Іэхэр къагъэсэбэпуэрэ зэкІэ «Пионер» нартыху лІэужьыгъуэр къаззэрехьулІар зригъэщІэну.

КЪУАЖЭ дыхьэпІэм деж республикэ Іэтащхьэр гуапэу щрагъэблагъащ район, къуажэ унафэщІхэм, нэхъыжьыфІхэм, адыгэ фащэ екІур зыщыгъ ныбжьыщІахэм. ФІэхъусыр зэфІэкІа нэужь, Къанокъуэ Арсен ягъу щІэупщІащ къуажэм дэлъ гугъуехьхэр зыхуэхъэм икІи зыцІэм дэхэм псы тэмэму зэрамыгъуэтым нэхъ гукъеуэ зэрамыІэр щыжраІэм, къигъэугъащ, зэман гъунэгъум кІриуфыбдзу а Іуэхур зэфІигъэкІыну.

Губгъуэм лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьауэ щыкІуэжьІырт. Мэкъумэш Іуэхущ Іапі эм нартыхур гектар 360-м щыхисат, хьэсэм урилпъамэ, Іэдий хуэдиз хъу нартыхуэр бзий гъуэхэм дыщафэу къыдэщыІрт. Щэч хэлътэкъым, Іуэхущ Іапі эм гъавэ бэв къызэрехьулІам. Урысейм щыяпэу мы щыпІэм нартыхур щагъэкІат хьэсэхэм псыр тІуэпсуэр зэрыщІагъэхьэм тету, тегушхуэу Іэмалыщ Іэр къызэрагъэсэбэпами хущІегъуэжакъым - гектарым центнери 170 - 190-рэ къытекІащ!

КъБР-м и Іэтащхьэм и лэжьыгъи хилъхьащ мы гъэм кърахьэлІэжа гъавэ бэвыр Іухьжьным. Къанокъуэ Арсен комбайным тетІысхьэри, нартыхъ хьэсэм и зы пакІэ Іуихащ.

- Сэ ёзыр къуажэм сыкъыщІалъхуащ, - жиІащ республикэ Іэтащхьэм, - икІи фы дыдэу сыщыгъуаззщ мэкъумэшыщІэм и лэжьыгъэр зэрыхьалъэм. Нэхъапэм гектарым ику центнер 70 - 90 кьытрахамэ, гъэр хъарзынэу къайхъулІауэ ялъытэрт. Зы гектарым центнери 100 кьытеэзыхахэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь щІэ льапІэр хуагъэфащэу щытащ. Иджы дэ нобэ зы гектарым центнери 190-м нэблагъэ кьытыдох. Ар ехъулІэныгъэшхоущ. Сэ сызэрелпъымкІэ, мы Іэмалыщ Іэр республикэм и адрей щыпІэхэми къыщагъэсэбэпу дяпэкІэ Іуэхур зэтеублэн хуейщ.

Къанокъуэ Арсен къыхихэзащ комбайным и лэжьакІэр игу зэрырихьар.

- Мыр машинэ телъыджащ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. - Комбайным и кІуэцІым ит компьютерым лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр псори кьегъэльэгъуэ, макъамэ щабэм ледаІуэурэ Іуэхур йокІуэкІ. ЖьпІэнурамэ, техникэр лъэщщ, абыи лэжьыгъэр куэдкІэ нэхъ псынщІэщ ещІ, уеблэмэ мы Іуэхум ущиІэну зэфІэкІыр куэдкІэ елъытащ. Ауэ нэхъыщхьэр лэжьакІуэм щІым хильхьэ и гущІэрщ, ар егугъуу абы зэрыкІэлъэпІъырщ. Мы гъэм мэкъумэш лэжьакІуэхэм я Іуэху къикІащ. Зэи къэмыхъуауэ, республикэм къыщІэтхьэлІа гъавэ бэвым, уеблэмэ Урысейм абыкІэ щыпашэхэм дащыщщ, я фІыщІэ хэльщ къуажэхэм дэс лэжьакІуэбэм, щІым епхауэ Іуэху зыщІэ дэтхэнэ зыми. Языныкъуэхэм деж куэдагъым и зэран фІагъым щекІ къэхъу, ауэ ди деж лъэныкъуитІми икъукІэ арэзы дыкъащІ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху щхьэпэм зи гущІэ хэзылъхьа псоми фІыщІэ фхузощІ икІи адэкІи фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэну, узынщагъэ, насып фиІэу фыпсэуну си гуапэщ.

Хабзэ хъууэ, щэкІуэгъуэм и кІэм республикэм щагъэлъэпІэ Мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэр. Абы и щІыхькІэ зэхаша пшыхьыр а пщыхьащхьэм щекІуэкІащ «Лашын» рестораным. Къанокъуэ Арсен зэІущІэм кърихьэлІэхэм гъэр зэрахуэфІамкІэ, апхуэдизи дяпэкІи зэфІэкІ инхэр яІэну ехъуэхъури, Іэнатіэм ехъулІэныгъэхэр зэрыщІэным, илъэс куэд лъандзрэ мэкъумэш хозяйствэм зэрыщыпалажьэм папщІэ дамыгъэ льапІэхэмрэ щІыхь тхыльхэмрэ зыхуагъэфэщащэм яритыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зэи къэмыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэ тонн мелуан къыщрахьэлІэжащ

А ехъулІэныгъэ иныкІэ республикэм къыззэрехьуэхьу телеграммэхэр Къанокъуэ Арсен и щІыкІэ кьоклуэ.

«Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэшыщІэхэм фІыщІэ яхуэзощІ я къару емыблэжу зэрыплэжьам икІи къэралым ерыскъыпхъэкІэ къызэгъэпэщыным куэд зэрыхащІыхьам папщІэ. Узынщагъэ бидэ, гукъыдэж лъэщ, мыкІуэщІым къару фиІэну, екъуІэныгъэщІэхэр къэфхьыну сиыныбохьуэхьу, - къыетХ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Федоров Николай.

Хьуэхьу псалъэхэмкІэ Кьаноькъуэ Арсен япэу зыкъыхуэзыгъэзэахэм ящыщщ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіушынэ Асльэндзэрий: «Уэрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэшыщІэ псоми зэи къэмыхъуауэ гъавэу, джэшхэкІыу куэд къызэрефхьэлІамкІэ икІи махуэ льапІэмкІэ - Бэвыгъэм и махуэмкІэ сыныбохьуэхьу. ЯгъэкІэ зэи къэмыхъуауэ, гъавэ тонн мелуаным щІигъ кьрахьэлІэри, республикэм и мэкъумэшыщІэхэм наІуэ кьаръалъэтъуащ зэфІэкІышхуэ зэрабгъэдэлъыр, щІыр икъукІэ тэмэму зэрызэрахьэр. Уэрэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и псоми узынщагъэ бидэ, гуфІэгъуэ, насып фиІэну, республикэм, зэрыщІыту ди Хэкум - Урысей Федерацэм - я фІыгъуэм телэжьынмкІэ текІуэныгъэщІэхэр къэфхьыну сыныбохьуэхьу».

КъБР-м и цІыхухэм я гуфІэгъуэр апхуэдизу къадиІыгъащ КПРФ-м и Іэтащхьэ Зюганов Геннадий: «Уэрэ Къэбэрдей-Балькъэрым ис псоми сынывохьуэхьу ехьулІэныгъэшхуэ къызэрыфхьамкІэ, япэкІэ зэи ямылъэгъуам хуэдизу гъавэ бэв республикэм и губгъуэхэм къызэрыщефхьэлІэжамкІэ. Сэ фи бгылъэ щынальэм фІыуэ сыщыгъуазэщ, фи къуршэм щыІэ лыжэ кьежэхэпІэхэр, губгъуэ гъунэншэхэр, фи иджырей предприятэхэр, гъэльэгъуэныгъэ гъуэзэрджэхэм-рэ спектаклэмрэ куэдрэ слъэгъуащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхухэр лэжьыгъэкІэ емызэщІ, хьэщІэкІи фІыщ. Щоджэнцыкіум, Кулиевым, Кіыщокъуэм я тхыгъэ хьэлэмэтэхм сатхьэжьауэ щыщІэзджыкІым дэтхэнэ сатырми зыхьзигъащІэрт мэкъумэшыщІэм и акъылыр, абы гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ яхуиІэ льагъуныгъэр. Шэч кьытесхьэркъым Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэш хозяйствэм ахуэдизу зэрызиужьар псом япэу уэ уи фІыщІэу зэрыщытым. Уэ Іэнатіэхэм хэзыщІыкІ, хэкур фІыуэ зыльлагъу лэжьыгъэ зэхуэпшэсыфащ икІи Іуэхуфіхэр дяпэ ильэс куэдкІэ кьызыпэкІуэн Іэмалхэр зэтебгъэувэфащ».

Телеграммэхэр иджыри кьагъэхь щІыналъэхэм я унафэщІхэмрэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм.

Мэкъумэшыщ Іэхэм я ехъулІэныгъэшхуэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и лэжьыгъи хилъхьащ мы гъэм кърахьэлІэжа гъавэ бэвыр Іухьжьным. Къанокъуэ Арсен комбайным тетІысхьэри, нартыхъ хьэсэм и зы пакІэ Іуихащ.

- Сэ ёзыр къуажэм сыкъыщІалъхуащ, - жиІащ республикэ Іэтащхьэм, - икІи фы дыдэу сыщыгъуаззщ мэкъумэшыщІэм и лэжьыгъэр зэрыхьалъэм. Нэхъапэм гектарым ику центнер 70 - 90 кьытрахамэ, гъэр хъарзынэу къайхъулІауэ ялъытэрт. Зы гектарым центнери 100 кьытеэзыхахэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь щІэ льапІэр хуагъэфащэу щытащ. Иджы дэ нобэ зы гектарым центнери 190-м нэблагъэ кьытыдох. Ар ехъулІэныгъэшхоущ. Сэ сызэрелпъымкІэ, мы Іэмалыщ Іэр республикэм и адрей щыпІэхэми къыщагъэсэбэпу дяпэкІэ Іуэхур зэтеублэн хуейщ.

Къанокъуэ Арсен къыхихэзащ комбайным и лэжьакІэр игу зэрырихьар.

- Мыр машинэ телъыджащ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. - Комбайным и кІуэцІым ит компьютерым лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр псори кьегъэльэгъуэ, макъамэ щабэм ледаІуэурэ Іуэхур йокІуэкІ. ЖьпІэнурамэ, техникэр лъэщщ, абыи лэжьыгъэр куэдкІэ нэхъ псынщІэщ ещІ, уеблэмэ мы Іуэхум ущиІэну зэфІэкІыр куэдкІэ елъытащ. Ауэ нэхъыщхьэр лэжьакІуэм щІым хильхьэ и гущІэрщ, ар егугъуу абы зэрыкІэлъэпІъырщ. Мы гъэм мэкъумэш лэжьакІуэхэм я Іуэху къикІащ. Зэи къэмыхъуауэ, республикэм къыщІэтхьэлІа гъавэ бэвым, уеблэмэ Урысейм абыкІэ щыпашэхэм дащыщщ, я фІыщІэ хэльщ къуажэхэм дэс лэжьакІуэбэм, щІым епхауэ Іуэху щІэ дэтхэнэ зыми. Языныкъуэхэм деж куэдагъым и зэран фІагъым щекІ къэхъу, ауэ ди деж лъэныкъуитІми икъукІэ арэзы дыкъащІ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху щхьэпэм зи гущІэ хэзылъхьа псоми фІыщІэ фхузощІ икІи адэкІи фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэну, узынщагъэ, насып фиІэу фыпсэуну си гуапэщ.

Хабзэ хъууэ, щэкІуэгъуэм и кІэм республикэм щагъэлъэпІэ Мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэр. Абы и щІыхькІэ зэхаша пшыхьыр а пщыхьащхьэм щекІуэкІащ «Лашын» рестораным. Къанокъуэ Арсен зэІущІэм кърихьэлІэхэм гъэр зэрахуэфІамкІэ, апхуэдизи дяпэкІи зэфІэкІ инхэр яІэну ехъуэхъури, Іэнатіэм ехъулІэныгъэхэр зэрыщІэным, илъэс куэд лъандзрэ мэкъумэш хозяйствэм зэрыщыпалажьэм папщІэ дамыгъэ льапІэхэмрэ щІыхь тхыльхэмрэ зыхуагъэфэщащэм яритыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Республикэм законэр кьудзэлъыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр 2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнэр сыхьэти 10-рэщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

ЩІалэгъуалэр гъэсэным теухуа зэхьхьэ

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетымрэ ЩІалэгъуалэм, жьыгъуэгъуэм, щІыхьэ зэІущІэм «Физкультурэмрэ спортымрэ щІалэгъуалэр гъэсэнымкІэ Іэмалыщ» зэІуплэнэхэр. Ар КъБР-м и Парламентым и Унэм къыщызэІуахынущ щэкІуэгъуэм и 26-м сыхьэт 11-м.

Дунэйм щыкъыбарзэр

Зым и зэран щэм щекІым деж

«Женева-2» дунейпсо конференцыр щызэхэтынур яубзыхуащ - абы дызыхуэкІуэ гъэм и щІыпІэм и 22-м щІидзэну траухуащ. Дызэрыщыгъуазэщи, а зэІущІэр теухуауэ щытынущ Сириемэ зауэр щыгъэувыІ- ным хуэунэтІа Іэмалхэр къэлъыхъуэным.

«А щІынальэм мамырыгъэр щызэфІэгъэувжьным, абы щыпсэуэхэм ятель хьэзабыр ящхьэщыхьным хуэунэтІауэ ди Іэ къызыпекІуэкІыну щыІэ хэзІыпІэ псори къэдмыгъэсэбэпыныр къуаншагъэшхуэ хьунт», - жиІащ ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэ Пан Ги Мун.

Конференцэр зыгъэхьэзырхэм зэкІэ жаІакъым абы Ираным, Асад Башар и телъхьэхэм ящыщ зым, и лІыкІуэхэр хэтынрэ хэмытынрэ.

А зэІущІэр нэхъ пасэуи яхуегъэжІуэкІыну щытауэ къелытэ УФ-м нэгъэущІ къэрал властым пэщІэт къарухэм я лІыкІуэхэм я щхьэхуещагъэр зэран хуэхъуащ конференцэр мы гъэм кьриубыдэу егъэжІуэкІыным. Абыхэм зэм зы щхьэусыгъуэ, зэм нэгъэущІ къагупсысащ Сириемэ щыІэ щытыкІэм теухуауэ фокІадэ, жэпуэтъуэ, щэкІуэгъуэ мазэхэм дыщыкъуэхуэсам, - жиІащ Лавровым. - Оппозицэм щыщхэм къагъэувэхэм узэхуеплъмэ, наІуэ мэхъу ахэр къэралым и къэкІуэнэм зэрытемыгъэзэвыхьыр. Абыхэм политикэ щхьэхуещагъэ къагъэлъагъуэ аращ».

Зэрымыарэзыр къагъэлъагъуэ

Танландым и кьалащхьэ Бангкок щокІуэкІ правительствэм и лэжьакІэмкІэ мыарэзыхэм я пэкІу.

Я нэхъ машІэрамэ, кьалэм и уэрамхэм щІыху мин щэщІым щІигъу кьыдыхьащ. ПэкІум хэтхэм къагъэув правительствэр текІыну, сыту жьпІэмэ ар премьер-министру щита, къэралым щыхэхуимыту ирагъэжІа Чиначат Таксин и жьыІэм щІэту кьалыитэ.

ЗыкъэзыІэтахэм кьаухъуреихьащ Іуэхущ Іапі э 13, абы министерствэхэр, правительствэм и нэгъэущІ Іуэхущ Іапі э зыбжанэ, телевиденэр яхэту. Уеблэмэ, цІыху губжьаХэм яхуэзфІэкІащ къэралым финансхэмкІэ и министерствэм и унэм щІэзэрыгъэн.

ЗыкъэзыІэтахэм я унэтІакІуэр Танландым и премьер-министрым и кьуэдзэу лэжьа Таугсубан Сутхепщ. «Іуэхущ Іапі эхэм фатеуэ, пэш псоми фыщІыхьэ, ауэ зыри зэтебмыкъуэт. Дэ цІыхухэр щымыарэзым деж яхуэзфІэкІынур абыхэм едгъэльагъуну дыхуейуэ ардкъудейщи», - жиІащ абы уэрамхэм щызэрызехьэжм.

♦Информацэм и дунейпсо махуэщ

♦Абхъазым и Конституцэм и махуэщ

♦ЩэкІуэгъуэм и 26 - 27-хэм Берлин (Германие) щызэхэтынущ Европэм щынагъуэншагъэр къыщыдзэгъэпэщыным я зыхьумэжьыныгъэмрэ я теуухуа конгресс.

♦ЩэкІуэгъуэм и 26 - 27-хэм Алматы (Къэзахъстан) щекІуэкІынущ СНГ-м хьыхь къэралхэм щІым щІэлъ хьугъуэфІыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ кьагъэсэбэпыным теухуа зэхуэхьыпхэр.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Кьумахуэ Мурадин** и ныбжьыр ильэс 72-рэ ирокІу.

♦Журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым егъэдзэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и кьуэдамэм и унафэщІ **Жьлас Маритэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маритэщ.**

Теледерсхэр утыку кърахьэ

Нобэ щыщІэдзауэ «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТК-м проектыщІэ иregъажь. Адыгэбзэмрэ балькъэрыбзэмрэ зэрыгъэщІэну хуейхэм папщІэ теледерсхэр тхьэмахуэм тІэу екІуэкІынущ. АдыгэбзэмкІэ дерсхэр - гъубжымрэ махуэкумрэ, балькъэрыбзэмкІэ дерсхэр - бзэрэжьеІмрэ мэремыпэ - сыкьэт 19-рэ дакьикъ 25-м щІидзэнущ.

ЛЬэПКЪЫБЗЭХЭМ яхуэфащэ гульытэр яІэу утыкъыжьымкІэ, ар зи анэдзэльхуБзэхэм яІурылъныкъэ Іэмалыфіыр зи жэрдэмыр «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТК-м и унафэщІ Дроздов Игорщ, проектым и унафэщІыр УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэр Вэрокъуэ Владимирщ.

Нобэ япэ лъэбакъуэр зыч Іуэху даехэр зэгъэсу зэкІэгъэзэнащ «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТК-м, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балькъэр щэныгъэ центрым, «Компьютерная графика» ООО-м.

АдыгэбзэмкІэ дерсхэр ирегъэкІуэкІ бзэр зымыщІэхэм зэрыграгъащІэ методикэр зэхэзылъхьа, илъэс 30-м щигъэкІ егъэджакІуэу курыт школхэм щылэжьа, КъБР-м щыхь зиІэ и егъэджакІуэ Бекъан Масирэт. Теледерсым щІэс еджакІуэхэр щэныгъэ институт зыбжанэм щылажьэ щэныгъэлІ щІалэхэщ.

Видеодерсхэрэ льэпкъыбзэхэр зэрадж методикэмрэ проектым и сайтым къралъхьэнущ: www.telestudio.pro.

Дерси 120-рэ хьу проектыр хуабжьу сэрэн хьунущ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу зи анэдзэльхубзэр Іэпэдзгъэлэл зыщІахэм ар кьащтэжьныжьмкІи, республикэм ис ди мылъэпкъэгъуэхэм адыгэбзэмрэ балькъэрыбзэмрэ зрагъэщІэнымкІи. Ди гуапэщ щхьэхэм я Іэпкъыбзэр игъэщэрыуэжу, хамэ лъэпкъхэм ящыщ ди ныбжьэгъуэхэм ди бзэр ІуІурылъу тІыгъуэну. Апхуэдэ гуГъэфІэкІэр зэтпх, «Telestudio» проектыр гъуэгу махуэ теуВауэ тхьэм кьыщІигъэжІ!

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Гъукіэ Р. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщІэр етыным и Іэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Гъэзэгъуэ хэхуа цІыхухэр кьыщригъэлым лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьызэригъэлъэгъуам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщІэр етын **Гъукіэ Руслан Хьэрэтэлий и къуэм** *(зэрылІауэ).*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№180-УГ

Чып Т. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщІэр етыным и Іэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Гъэзэгъуэ хэхуа цІыхухэр кьыщригъэлым лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьызэригъэлъэгъуам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщІэр етын **Чып Темур Мухьэмэд и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледж» курыт Іэщ Іагъэ щрагъэгъуэт къэрал кІэзэнэ еджапІэм и рабочэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№181-УГ

Атэлыкъ З. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщІэр етыным и Іэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Гъэзэгъуэ хэхуа цІыхухэр кьыщригъэлым лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьызэригъэлъэгъуам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщІэр етын **Атэлыкъ Залым Мурадин и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№182-УГ

● Лъэпкъ Іуэху

Хьэгъундокъуэ Яшар КАФФЕД-м и тхьэмадэщ

Щэкіуэгъуэм и 24-м Анкара къалэм щекіуэкіащ Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм (КАФФЕД) я зэхуэсыпхъэ.

КОНГРЕССЫМ хэтащ Тыркум щыІэ адыгэ зэгухьэныгъэ 54-м, апхуэдэу ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу нэгъэущІ къэралхэм я лІыкІуэхэр. Ильэс бзэкІахэм яхуэзфІэкІахэм, зыІууэ гугъуехьхэм, абыхэм хэкІыпІэ яхуэхъуну кьаТыытэхэм зэпкрыхьэу щытепсэлъыхьащ зэхьыхэм. КъаІэта Іуэхухэм зэреплъыр кьагъэлъагъуэу Конгрессым кьыщыпсэлъахэм ящыщщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и цІыкІэ - КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**, Абхъазым и лІыкІуэ, нэгъэущІ къэрал Іуэхухэмкіэ министерствэм Тыркумрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумкіэ и департаментым и унафэщІ **Асабуа Алмас.**

ЗэІущІэм кьыщыхьалъхьа жьрдэмхэм ящыщт Адыгэ Хасэу Тырку щыІналъэм итыр кьызэщІэзыІуфыбдэ КАФФЕД-м зэрдежэр «Черкфед» (шэрджэсхэм я зэгухьэныгъэ) жиІэу зэрахьэхэкІыныр, ауэ ар куэдым дагъыкъым.

КАФФЕД-м и унафэщІу ильэситІкІэ лэжьэну хахащ хьэрычэтыщІэ Хьэгъундокъуэ Яшар. Дызэрыщыгъуаззщи, Яшар Анкара щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щытащ, куэдым пщІэ зыхуащІ цІыху щыпсэущ. Конгрессым апхуэдэу щыхахащ нэхъыжьхэм я совет, щадубыхуащ щІалэгъуалэ зэгуакъэныгъэхэм я лэжьакІэнур. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и кьыкІэтъыкІуэ конгрессым КАФФЕД-м и лІыкІуэу хэтынуэрэр наІуэ кьыщащІащ мы зэхьыхьэм.

Конгрессыр зэрекІуэкІа щыкІэм теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

● Щэнхабзэ

Зэрыгъэгушхуауэ, зэхуэарэзыуэ

иухащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ театрхэм я фестивалыр

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щызэхуащІыжащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ драмэ театрхэм я «Южная сцена» III фестивалыр.

ФЕСТИВАЛЫР щІэщыгъуэу, гукъинэжу екІуэкІащ. Махуитхум кьыриубыдэу Ингушым, Дагъыстэным, Кьалмыкыым, Адыгеим, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ставрополь краим я театр нэхъыщхьэхэм ягъэльэгъуа спектакльхэр ягу дыхьащ театр гъуэзджэр фІыуэ зыльлагъухэм.

Ингушым и Урыс къэрал музыкэ-драмэ театрым игъэлъэгъащ Гоголь Николай и «Женитьба» спектакльр. КьызэрызэІуахрэ ильэс 15 ми тхьэм хьу театрым зэфІэкІ хьэрэнохэр иІащ. Абы и актерхэм зэпымыуэ я щІэныгъэм хагъахьуэ, кинохэм, телепроектэхэм хэтщ. КьыхэгъэщІапхъэщ, театрым лэжьэн зэрыщідзэрэ спектакль 19 зэригъэльэгъуар, абы и художественнэ унафэщІ Базоркин Микаэл Пермь кьалэм щекІуэкІа Дягилевскэ зэпеуэм и лауреат зэрыльэар, Урысейм и продюсер нэхъыфІкІиным зэращыщыр.

Ставрополь и драмэ театрым, Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэм, ягъэльэгъуащ американ драматург Гибсон Уильям и «Сотворившая чудо» спектакльр. 1845 гъэм кьызэрагъэпэщащэу щыта мы театрым Хэку заузшхуэм и эмманной спектакль 500-м щигъэльэгъуар. Театрым и куэдщ зэрыгушхуэ актерхэр: УФ-м и цІыхубз артисткэ Зубковэ Наталье, УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэу Аллахвердов Владимир, Мальченкэ Михаил, Новаков Михаил, Щербаков Борис, Колгановэ Светланэ, артист пашэхэу Баранниковэ Иринэ, Барташ Игорь, Калинин Илья, нэгъэущІхэри.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм

Республикэм законэр кьудзэлъыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр 2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнэр сыхьэти 10-рэщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

ЩІалэгъуалэр гъэсэным теухуа зэхьхьэ

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетымрэ ЩІалэгъуалэм, жьыгъуэгъуэм, щІыхьэ зэІущІэм «Физкультурэмрэ спортымрэ щІалэгъуалэр гъэсэнымкІэ Іэмалыщ» зэІуплэнэхэр. Ар КъБР-м и Парламентым и Унэм къыщызэІуахынущ щэкІуэгъуэм и 26-м сыхьэт 11-м.

Теледерсхэр утыку кърахьэ

● ЩІэ

Нобэ щыщІэдзауэ «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТК-м проектыщІэ иregъажь. Адыгэбзэмрэ балькъэрыбзэмрэ зэрыгъэщІэну хуейхэм папщІэ теледерсхэр тхьэмахуэм тІэу екІуэкІынущ. АдыгэбзэмкІэ дерсхэр - гъубжымрэ махуэкумрэ, балькъэрыбзэмкІэ дерсхэр - бзэрэжьеІмрэ мэремыпэ - сыкьэт 19-рэ дакьикъ 25-м щІидзэнущ.

ЛЬэПКЪЫБЗЭХЭМ яхуэфащэ гульытэр яІэу утыкъыжьымкІэ, ар зи анэдзэльхубзэхэм яІурылъныкъэ Іэмалыфіыр зи жэрдэмыр «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТК-м и унафэщІ Дроздов Игорщ, проектым и унафэщІыр УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэр Вэрокъуэ Владимирщ.

Нобэ япэ лъэбакъуэр зыч Іуэху даехэр зэгъэсу зэкІэгъэзэнащ «Къэбэрдей-Балькъэр» КъТК-м, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балькъэр щэныгъэ центрым, «Компьютерная графика» ООО-м.

АдыгэбзэмкІэ дерсхэр ирегъэкІуэкІ бзэр зымыщІэхэм зэрыграгъащІэ методикэр зэхэзылъхьа, илъэс 30-м щигъэкІ егъэджакІуэу курыт школхэм щылэжьа, КъБР-м щыхь зиІэ и егъэджакІуэ Бекъан Масирэт. Теледерсым щІэс еджакІуэхэр щэныгъэ институт зыбжанэм щылажьэ щэныгъэлІ щІалэхэщ.

Видеодерсхэрэ льэпкъыбзэхэр зэрадж методикэмрэ проектым и сайтым къралъхьэнущ: www.telestudio.pro.

Дерси 120-рэ хьу проектыр хуабжьу сэрэн хьунущ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу зи анэдзэльхубзэр Іэпэдзгъэлэл зыщІахэм ар кьащтэжьныжьмкІи, республикэм ис ди мылъэпкъэгъуэхэм адыгэбзэмрэ балькъэрыбзэмрэ зрагъэщІэнымкІи. Ди гуапэщ щхьэхэм я Іэпкъыбзэр игъэщэрыуэжу, хамэ лъэпкъхэм ящыщ ди ныбжьэгъуэхэм ди бзэр ІуІурылъу тІыгъуэну. Апхуэдэ гуГъэфІэкІэр зэтпх, «Telestudio» проектыр гъуэгу махуэ теуВауэ тхьэм кьыщІигъэжІ!

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Махуаем бгъуэтыжьыр ныбжьэгъущи, уи хьэмтетыгъуэм бгъуэтыр уи шхэгъуащ.

● КЪБР-м и Парламентым

Ахьуэхьу Кьанщобий, Чеченов Ануар, Къэрмокъуэ Хьэчим сымэ эзIущIэм хэтщ.

Бюджетыр яубзыху

«Къэбэрдей-Балъкъэрым 2014 гъэм, 2015 - 2016 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетыр» законым и проектым теухуа эзIущIэ КЪБР-м и Парламентым щекIуэкIащ. Ар кьызэIупхащ икIи иригъэкIуэкIащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

ЗЭИУЩIЭМ хэтащ КЪБР-м и Къэзыпщытэ-кьэзыбж палатэм, КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, Правительствэм, Жылагъуэ пащтэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Бюджетым щыхэплъэкIэ, ар цIыхуэхэми зэIухауэ я пащхьэ илъхьэныкIэ КЪБР-м и Парламентым хуэфIэкI кьигъэнэрхкым, кьищыкъэмыщIауэ, унафэм и проектыр КЪБР-м и Парламентым Интернетым щиIэ напэкIуэцIым кьыщагъэуэтынущ. КьызгъэщIыпхъщ ди республикэ бюджетым кIуэтэху зэрыкъхъуэр, цIыхуэхэм я псэукIэр зэрефIакIуэр, экономикэм зэрызиужьыр. Нобэкlэ ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ зыIэрыдгъэхьа екъулIэныгъэхэм хэдгъэхъуэныр, - жиIащ зэIущIэр кьыщызэIуихьым Чеченовым.

Урысей Федерацэм и бюджетым ехьэлIа кодексым халъхьа зэхьуэкIыныгъэхэм ямпк иткIэ, КЪБР-м и бюджетым къэрал программэ 24-рэ и лъабжьэу зэрызэхагъэвар дыщIигъужащ абы и псалъэхэм.

КЪБР-м финансхэмкIэ и министр **КIэрэф Мурат** кьызэригъэлIэжьамкIэ, 2014 гъэм республикэм бюджетым хэхьуэу сом мелард 21-рэ мелуан 424-м щIигъу иIэну хуагъэфащэ. Абы щыщу кьыхах налогхэмкIэ яIэну хэхьуэр сом мелард 11-рэ мелуани 109-м щIигъунущ, абы щыщу акцизхэм кьапэкIуэнур процент 38,3-рэ мэхьу, процент 28,2-р цIыхуэхэм ят налогырщ, Iуэхущ1апIэ эзэмылIэужьыгъуэхэм я хэхьуэхэм техьэ налогыр 16,1-рэ ирокъу.

КIэрэф Мурат

Налогым хэмыхьэ хэхьуэу 2014 гъэм яIэну зыхуагъэфащэр сом мелуан 696-рэ мини 125-рэ мэхьу.

2014 гъэм республикэ бюджетым сом мелард 24-рэ мелуани 125-м щIигъу кьигъэсэбэпыну хуеинущ. Ар 2013 гъэм кьигъэсэбэпам ельытауэ сом мелард 3-рэ мелуан 828-рэ мин 571-кIэ нэхъ мащIэщ. Бюджетыр цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьумэным, социальнэ Iуэхутхьбзэм, щэнхабзэм, спортым зегъэужьыным хуэгъэпсащ.

КьыхэгъэщIапхъэщ 2014 гъэм республикэ бюджетым кьигъэсэбэпыну хуигъэфащэр иIэну хэхьуэм нэхьрэ сом мелардитIым щIигъукIэ зэрыныхьыбэр.

ЗэIущIэм щхьэхуэу кьыщытеувыIащ акцизхэм кьапэкIуэ ахьшэр зэрызэхуахьэсым. ЗэрыгурыIуэгъэщи, ар республикэ бюджетым и зы хэхьуэ лIэужьыгъуэщ. ФинансхэмкIэ министрым кьыгъэрилытэмкIэ, фадэхэкIым и акцизыр ди кьэралым зэхуэдэу щытегъуэщакьым. Абы ипкъ иткIэ, КIэрэфым кьыхигъэщащ УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм щIыналIэхэм я бюджет системэм зэрызиужьым ельытауэ, абыхэм хухах акцизхэр нэхьыбэ ящIыну зэрызыхуагъэзар.

КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Ахьуэхьу Кьанщобий** кьызэригъэлIэгъуэмкIэ, бюджетым и проектым гулыитэ хэха щигъуэтащ социальнэ пособиехэмрэ псэуцIэ и лъэныкъуэкIэ цIыхуэхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ ят ахьшэмрэ инфляцэм зэрызихьужьым тещIыхьауэ кьэбжьыжьым.

ЗэIущIэм кьыщыпсалъэщ КЪБР-м и Къэзыпщытэ-кьэзыбж палатэм и аудитор **Пэж Мухьэмэд**, Федеральнэ налог Iуэхущапlэм и кьудамэу КЪБР-м щыIэм и управленэм и унафэщIм и кьудамэ **Сарбашевэ Светланэ**, КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и кьудамэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Чочаевэ Марьям** сымэ, нэгъуэщIхэри.

«КЪБР-м 2014 гъэм, 2015 - 2016 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетыр» законым и проектым щыщIэныгъэу, дыщIыгъуэкIыпхъэ кьаргъэлъэгъуахэр абы елэжьхэм кьалытэн зэрыхуейр жиIащ Ченовым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Хуэныкъуэхэм зыщIагъэкъуэнущ

КЪБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ мэремкIуам екIуэкIащ. Ар кьызIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Правительствэм и Унафэщ Храмов Константин.

КЪБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **Дышэкl Аслъэн** зэIущIэм кьрихьэлIахэм я пащхьэ иригъэкIащ «Федеральнэ пассажир компание» ОАО-м иращIылIэну я мурад зэгурыIуэныгъэм и проектыр. Дыщэкlым кьызэригъэлъэгъуамкIэ, зэгурыIуэныгъэм и кьалэн нэхьыщхьэр мафIэгукIэ зекIуэхэм я гъэзэгр кьатемыхьэлъэу, тыншу, а транспортыр иджырей мардэм кьеззэгъыу кьызэгъэпэщынырщ. ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ди республикэм вагон 11 хьу мафIэгуплI кьыхущэхунущ, сом мелардрэ мин 600-рэ и уасэу.

КЪБР-м финансхэмкIэ и министр **КIэрэф Мурат** зи гугъу ищIахэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным» и Iуэхуэкlэ законым и проектыр. Абы ипкъ иткIэ, УФ-м и хэгъэгухэм яубзыхуэ хуейщ дагъэнгъэсынпхъэхэм я акцизхэм кьыпэкIуэ налогым и Iыхьэ ящIыну иэхь и кIэ кьимыхьэу щIыпlэ бюджетым халъхьэн хуейуэ.

ЗэIущIэр хэпlащ унагъуэ хуэмыщIахэм, зи закъуэу псэухэм социальнэ Iуэхущlапlэхэм зэгурыIуэныгъэ ящIыпlэмэ, кьэралыр кьаэрыдIэпыкъуну щIыкlэм ехьэлIа унафэм и проектыр. КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Кьунцхъэ Рашидэ** зэрыжиIамкIэ, щIыхум е унагъуэм мылькукIэ, Iуэхутхьбзэкlэ, ерыскъыпхъэкlэ зыщIагъэкъуэнущ. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ Iуэхущlапlэм езыщIылIаэм джэдкъаз, Iэщ кьызэращхун ахьшэ иратынущ, е псалъэм папщIэ, я сабийр школ щIэтIыскъэжьгъуэм хуагъэхьэзырынущ, апхуэдэуи унагъуэм исхэм Iэщlагъэ зэзыгъэзыгъуэн яхэтмэ, еджэныкIэ дэIэпыкъуныр дэжьапIи кьыхуагъэтынущ.

КъыкIэлъыкIуэу Къущхьэм и гугъу ищIащ республикэм ильэсыщIэм пыщIа дауэдапщэхэр кьызэрызэрагъэпэщынум. Дыгъэгъазэм и 29-м щыщIэдзауэ щIышылэм и 5 щIондэ екIуэкIыну ильэсыщIэ зэхьыхьэм 1 - 7-нэ классхэм щеджэу сабий мини 10-м щIигъу ирагъэблагъэну я мурадщ. Сабийхэм ираты ну саугъэтхэм текIуэдну сом мелуан 1,5-р республикэ бюджетым кьыхэкIынущ. Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкIуу сом мин 871-м щIигъу халъхьэнущ. Гъэ кьэси хуэдэу, ильэсыщIэ гуфIэгъуэхэм хэтыну псом япэу кьаргъэблэгъэнур унагъуэ хуэмыщIахэм кьаухэIа сабийхэмрэ адэ-анэм я нэIэ щIэмыту кьэнахэмрэщ.

КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Шэт Мэчрэ1ил** и гугъу ищIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм дежь Лъэпкъ проектхэмрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм кьыщащта унафэхэр гъэзэщIа зэрыхьум. Шэтыр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Iэтащхьэр я пашэу ди республикэм и лIыкIуэ гуп Италием лэжьыгъэ Iуэхукlэ зэрыщIам, абы щIэуэ кьыщащIам, зэращIыпlа зэгурыIуэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** зэIущIэм кьрихьэлIахэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Егъэджэныгъэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым» унафэм и проектыр.

ЗэIущIэм и кIэухым Храмовым куей администрацэхэм я Iэтащхьэхэм ягу кьигъэкIыжащ унэ зратыпхъэм хуибыдэхэм (зи Iэпкълъэпкъым сокъат иIэхэм, ветеранхэм) я бжыгъэр кьэхутауэ икIащIыпlэкIэ цIэ-унэцIэхэр кьатын зэрыхуейр. А Iуэхур иджыпсту нэхъ япэ игъэщIыпхъэхэм ящыщ зыуэ кьызэрилытэр дыщIигъужащ Храмовым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Унэщlэ хъуэхъуэр кьапоплъэ

«2014 - 2017 гъэхэм икIи 2020 гъэм нэс лъэхьэнэм тещIыхьауэ кьуажэ щIыналъэхэм зэщIагъэ зегъэужьын» федеральнэ программэм хиубыдэу унэщIэхэм щIагъэтIысхьэнущ Эльбрус, Бахьсэн Iпшэ. Бын, Бедык кьуажэхэм щыщ унагъуэщIу плIы. Абыхэм унэ кьызэращэхуну ахьшэр федеральнэ бюджетымрэ КЪБР-м и бюджетымрэ кьыхэкIащ. Псэупlэм и уасэм и процент 70-р федеральнэ бюджетым ейщ, адрей процент 30-р езы цIыхуэхэм я мылькущ.

«2013 гъэм нэсыху кьуажэм зегъэужьын» федеральнэ программэмкIэ нэгъабэ кьуажэдэс унагъуэ блым я псэупlэхэр хурагъэфIэжыащ. Кьэралым а Iуэхум тригъэжьэдащ сом мелуанитху.

ТАРИМ Алисэ.

● Коммунистхэм я псалъэ

ЦIыхубэр тогузэвыхь

Урысей Федерацэм и коммунист партым (КПРФ) и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и IV пленумыр иригъэкIуэкIащ. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ Къэрал Думэм и депутат, ЛДПР-м и пашэ Жириновский Владимир жэпуэгъуэм и 24-м «Поединок» нэтыным Кавказ лъэпкъхэм ятеухуауэ жиIар къаузэрыщIыхьуам, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэным ельытыгъуэ щыIэныр. Зэ1ущIэм къыригъэблагъэ Къэрал Думэм и депутат, КПРФ-м Осетие Ищхьэрэ Республикэм щIэ кьудамэм и апэ секретарь Тайсаев Къазбэч.

«ЗыРИ жыдмыIэу тшэчыныкIэ Iэмал иIэкьым. Лъэпкъхэр бгъэпуд хьунукьым. Жириновский Владимир Кавказым ис лъэпкъхэм псалъэ гуемыIуэхэр и щIэпэпэскьым. Догъэкъуанщэ». Мыхэрт дэтхэнэ коммунистми и псалъэм куплIэ хуэхьур.

КПРФ-м и республикэ кьудамэм и комитетым и секретарь **Пащты Борис** кьеджащ Жириновский Владимир жиIам теухуауэ партым игъэхьазыра тхыгъэм.

- «Россия 1» телеканалымкIэ екIуэкI «Поединок» нэтыным Жириновский Владимир щыжиIам укъымыгъэуIэбжьыу кьанэркьым, кьаугъэ кьыщIикIар гурыIуэгъэущ, - жиIащ Пащтым. - «Лъхуэн-пIэныр щыпламыубыд, цIыхур щыкуэдыщэ щIыналъэрыщ щIэпхъаджагъэхэр нэхъыбэу кьыщыхьур. Апхуэдэщ Кавказыр. Бзыхэр зэрыкIыжу щытамэ, абы щыгъуэми ди жагъуэ хэунут, ауэ абыхэм дэращ яукIыр. Кавказым щыпсэу унагъуэм сабинитI нэхъыр нэхъыбэ яIэну хуит щIын хуейкьым, ещанэ яIэ хъуэр - кьуэды ятелъхьэн хуейщ. КIуэцIрымыкIрэ - я хуитыныгъэхэр гъэмэщIэн, щIыпlэр гъущI банэкIэ къэхуэныIн!» Къэрал Думэм и депутатым апхуэдэ псалъэхэр кьыбгъэдэкIыныр къезэгъыркъым. Зи щхьэ пщIэ хуэзэщIыж цIыхум, жыларыуэн хуейщ кьэралыр щыгъэкIыжу, цIыхубэр, лъэпкъхэр зэрызэхуащIыну, зэрызэгурыIуэм зэрелъытар. Политикым и псалъэхэм «урысей гражданствэ» жыхуэтIэм мыхьэнэ имыIэм хуэдэу кьыщIрегъэзэ, кавказ лъэпкъхэм кьеныкIуэжьуэкIэр нэхъри зэщIегъапlтэ.

Кавказ лъэпкъхэм ящыщу цIыху мелуани 8-м щIигъу Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыпlэхэм щопсэу. Абыхэм кьаухэкIащ щIэныгъэлIэкрэ, дохутырхэрэ, сурэтыщIэхэрэ, пщIэрэ щхьэрэ зиIэхэрэ, хэкупсэ куэдиж. Жириновский Владимир хуэдэхэм я псалъэхэм я зэранкIэ лъэпкъхэм дзыхь зэхуамыщIыж мэхъу. Абы кьишэнчэ Iейщ: зэгурымыIуэ, залымыгъэ, мыарэзныныгъэ.

Уф-м и Къэрал Думэм этникэмкIэ и комиссэм кьыпщытэн хуейщ Жириновский Владимир Кавказым теухуауэ жиIахэр икIи хуэфэщэн унафэ трищIыхьыпхъэщ.

Политикышхуэу зызыльыгъэ, Къэрал Думэм кьулыкъущхъэ щызыIыгъ Жириновский Владимир кьыбгъэдэкI псалъэ жагъуэхэр, кьытезгъэзэжьынщи, кьеклуркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр а Iуэхум кьишэнум тогузэвыхь. Къэрал цIыхубэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр кьыхудоджэ лъэпкъхэр зэкъуэзыудыну хэт цIыхур хабзэ гуэрым ирашэлIэну.

- Мы Iуэхум псалъэмакъышхуэ кьиикIащ, - пищащ пленумым КЪБР-м и Парламентым и депутат **Щыхъэлы Занрат.** Лъэпкъхэр зэщызыгъэIей кьыдыдеджэнэмгъэхэр Жириновскэм зэкъым кьыззэрыжьэдэкIар икIи ар, сэ сызэрелъымкIэ, Урысей Федерацэр махэ зыщI Iуэхугъэущ. ЩIэу пIэр я урысей политикым кьэралым и Президент Путин Владимир «Урысей. Лъэпкъ Iуэхуэр» тхыгъэм къыщыхигъэщар?! Путин Владимир жеIэ: «Бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызекIуэ, щэнхабзэ кьулей зиIэ Урысейм дежкIэ ахэрщ лъабжьэ быдэр. Дэтхэнэ политикми, жылагъуэ лэжьакIуэми зыщIигъэгъупщэ хъунукъым кьэралым и ухуэкIэр цIыхубэр, лъэпкъхэр зэгурыIуэным теухуауэ зэрыщытыр». Конституцэм ебакъуэ къэпсалъэ Жириновский Владимир екъэлIауэ унафэ щIын хуейщ.

- КПРФ-м и ЦК-м и III пленумым Зюганов Геннадий (УФ-м и коммунист партым и унафэщI) щыжиIащ: «ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэр кIуэ пэтми иокIакIуэ. Кьэралым щекIуэкI Iуэхуэхэм я пэжьыпlэр щахьымэ. Абы кьыхэкIыу, хэкупсэ нэпцIэхэр кьыщIэгъэщIыныр ди кьалэну собж. Лъэпкъ Iуэхуэм гупльитэ хэха икIэщIыпlэкIэ Iуэтыдыкlэ щуейщ». Кавказ ЩIущхьэрэр зэрыхаубыдыкIам хуеГалитI, цIыхуэ щIыналъэр кIыхьэ ящIыну, ельытыгъуэ щытащ. КьызэрыщIыжьыр, Жириновский Владимир хабзэм ешэлIэныр. Щапхъэ тетхьапхъащ Шэшэн Республикэм - абы щылэжьхьажьыркъым зи гугъу тщIы партыр. Властыр лъэпкъ Iуэхуэхэм хуэфащэу кIэльымыплъу гурыщхъэу уегъащI. Армырамэ, иджыри кьыздэсым щIэныгъэ щIэныгъэ ящIыпlэнт политикыр.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и комитетым и етIуанэ секретарь **Шавае Ильяс** тепсэлъыхьащ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ зэхуэщIыжьыныр, Жириновский Владимир хабзэм ешэлIэныр. Щапхъэ тетхьапхъащ Шэшэн Республикэм - абы щылэжьхьажьыркъым зи гугъу тщIы партыр. Властыр лъэпкъ Iуэхуэхэм хуэфащэу кIэльымыплъу гурыщхъэу уегъащI. Армырамэ, иджыри кьыздэсым щIэныгъэ щIэныгъэ ящIыпlэнт политикыр.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и комитетым и етIуанэ секретарь **Шавае Ильяс** тепсэлъыхьащ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэнымрэ щIэныгъэ зэхуэщIыжьыныр.

ЗэIущIэм хэтахэр Уянаев Казым щыгъуэзэ ящIащ ди республикэм и промышленнэ политикэм. ИрагъэкIуэкIа псалъэмакъым ипкъ иткIэ, КЪБР-м Промышленностымрэ сатымкIэ и министерствэм и щIэныгъэ-къэхутным и зэдзэлжьэныгъэм зегъэужьынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я план зэхилъхьэну. ХьэщIэхэм Уянаев Казым ирагъэблагъащ Белоруссием кIуэуэ автобусхэмрэ мэкъумэш техникэмрэ кьащIэзыгъэкI Iэнатlэхэм щыгъуэзэ захуищIыну.

БЭГЪУЭТ Лианэ.

Щихъ Марие Магдалинэ и члисэм щызэхуэзащ

Пятигорск, Черкесск щIыналъэхэм я дин Iэтащхьэ Феофилактрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl Храмов Константинрэ Щихъ Марие Магдалинэ и члисэу Налшык дэтым щызэхуэзащ. Аэр тепсэлъыхьащ республикэм ис лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэхэр дяпэкIи гъэбыдэныкIэ лэжьыпхъэхэм.

«ЩIхъ Марие Магдалинэ и цIэр зезыхьэ члисэр зэрауэкар пыщIащ къэбэрдей адыгэхэмрэ Урысей пащтыхьымрэ зэблагъэ хъуэу зэрыщыта Iуэхум. ДыззэрыщIагъэхьащ, Грозный Иван щыдэкIуам щыгъуэ Идар ипхъу Гуащэнэ христэн диныи ихьауэ икIи Марие цIэр кьыщтауэ щытащ. Христэн диныи щихьэм абы и кьыщIхьыщIыжакIуэу ягъэуващ Щихъ Марие Магдалинэ, - жиIащ Феофилактэ. - АтIэ мы члисэм дигу кьегъэкIыж хъыдэм хьыха Iуэхугъуэшхуэр - Къэбэрдейр есым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм хьыхауэ зэрыщытар».

Дин Iэтащхьэм хуабжьу и гуапэу кьыхихигъащащ мы члисэм махуэшхуэхэр Iэтауэ, гуапэу, мамыру зэрыщагъэльапIэр, щIыхуэхэр ящIыпlэ къэбэрдей адыгэхэмрэ Урысей пащтыхьымрэ зэблагъэ хъуэу зэрыщытя Iуэхум. ДыззэрыщIагъэхьащ, Грозный Иван щыдэкIуам щыгъуэ Идар ипхъу Гуащэнэ христэн диныи ихьауэ икIи Марие цIэр кьыщтауэ щытащ. Христэн диныи щихьэм абы и кьыщIхьыщIыжакIуэу ягъэуващ Щихъ Марие Магдалинэ, - жиIащ Феофилактэ. - АтIэ мы члисэм дигу кьегъэкIыж хъыдэм хьыха Iуэхугъуэшхуэр - Къэбэрдейр есым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм хьыхауэ зэрыщытар».

ЩIхъ Марие Магдалинэ и Iуэхуэ нэхъыщхьэр кьэна гъэжьагъэ псорэ зэманкIэрэ зэпыдауэ уэзыхуэнырщ икIи и чэзум зэфIэгъэкIыныр», - жиIащ премьер-министрым.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

Автобусхэмрэ мэкъумэш техникэмрэ ди деж щызэпкъралъхьэфынущ

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Белоруссием и лIыкIуэхэр, КЪБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен кьызэрыригъэблагъам тёту ди деж щыхьэщIахэр, ётIуанэ махуэм КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и апэ къуэдзэ Уянаев Казым хуэзащ.

ЗЭИУЩIЭР кьыщызэIуихым вице-премьерым кьыхигъэщхьэхкIащ лъэныкъуитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм адэкIи зауэныну зэрыщыгугъыр: «Ди дежкIэ гуапэщ предприятэ инхэм икIи ди къэралым и дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэхэм я лIыкIуэхэр кьызэредгъэблагъар. Нобэрей зэIущIэри ди зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуныжкIэ сэбап хьуну си гугъущ».

«Клиринг Групп» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь компаниеи и унафэщI Забеллэ Сергей фIыщIэ ищIащ делегацэм хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гуапэу зэрыщIагъэблагъар. «Фи дежи дыкъызэрыкIуам сэбэп пыпъу кьыгъолъытэ. Зэ предприятэ зыбжанзэм дыщыIащ икIи ди нэгу щIэкIащ ахэр сыт и лъэныкъуэкIи эзманым кьигъэувахэм екIуу зэрызэгъэпэщар. «Сэвкаврентен», «Тэрчналмэс» заводхэр кьыщIагъэкI продукцэм и фIагъымкIэ дуней псом щыIэ предприятэ нэхъ лъэщ дыдэхэм япеуэфынущ», - жиIащ хьэщIэм.

Белоруссием и лIыкIуэхэм кьыхалъхьа Iуэху нэхъыщхьэхэр «МАЗ-103», «МАЗ-204» автобусу илъэсым 500, апхуэдэу мэкъумэш техникэ эзмыIэужьыгъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэм щызэпкъралъхьэныр.

ЗэIущIэм хэтахэр Уянаев Казым щыгъуэзэ ящIащ ди республикэм и промышленнэ политикэм. ИрагъэкIуэкIа псалъэмакъым ипкъ иткIэ, КЪБР-м Промышленностымрэ сатымкIэ и министерствэм и щIэныгъэ-къэхутным и зэдзэлжьэныгъэм зегъэужьынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я план зэхилъхьэну. ХьэщIэхэм Уянаев Казым ирагъэблагъащ Белоруссием кIуэуэ автобусхэмрэ мэкъумэш техникэмрэ кьащIэзыгъэкI Iэнатlэхэм щыгъуэзэ захуищIыну.

БЭГЪУЭТ Лианэ.

Газ уасэу лейуэ Iахар къратыжынущ

Налшык кьалэм щыщ Козыревэ Анжеликэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир цIыхуэхэр зэкIуалIэ и Iуэхущlапlэу республикэм и кьалащхьэм щыIэм тхыгъэкIэ зыхуигъэзащ газ уасэр тэмэму зэрыхуамытхьм теухуауэ.

НЭХЪАПЭКIэ цIыхубзым газ уасэр щIэуэ кьригъэбжьыжын папщIэ лъэIу тхьпIэ иритауэ щытащ газкIэ кьызэзыгъэпэщ Iуэхущlапlэм абонентхэм ядэлажьэ и Iэнатlэм. Абы и щхьэусыгъуэр фэтэрым щатха и благъэхэр 2011 гъэм и щыщхьэуIу мазэ рьандэрэ нэгъуэщI щыпlэ зэрыщыпсэурщ. Фэтэрым газыр кьызэрабж Iэмэпсымэ щIэткIым, абы кьыхэмыу газ уасэр унагъуэм и цIыху бжьыгъэ тращIыхь. Ауэ а лъэIум гулыитэ хуащIакъым.

Козырев Анжеликэ и тхьэусыхафэр КЪБР-м Энергетикэмкlэ, псэупlэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гражданскэ политикэмкIэ и министерствэм и кьэпщытакIуэхэм зэхэгъэкIащ. Документ псоми еплъа иужь, абыхэм кьызэрыратытамкIэ, «Газпром Межрегионгаз Пятигорск» жэуап зэхэгъэщхьэхуда зыхь зэгухьэныгъэм Налшык щыIэ и Iуэхущlапlэм 2013 гъэм и щышхьэуIуи щетхьапхъащ. Ар и жэуап зэгъэм нэсыху газ уасэр ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа фэтэрым щымыпсэужкъэм яхуэгъэзащ. Цыхуэхэр газкIэ кьызэзыгъэпэщ компанием щыгъуу кьабжьыкри, абонентым лейуэ я зэманым кьрифыщIэ кьыIаха сом 3639,43-р яратыжьпхъэу кьалытащ.

КЪБР-м Энергетикэмкlэ, псэупlэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Си еджапIэ - си къежьапIэ

● ДифI догъэтъапIэ

Къардэн ФатIимэ и лъагапIэхэр

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэр мы зэманым зыужьыныгъэ ин зыгъуэт, зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щекIуэкI инэ-тIыныгъэ хъуащ. Къыхьхъэ Iуоу еплыкIыщIэхэм, технологие пэрытхэм яльэщIыхьэу, ядэбжьыуфу ягъаеж, ирагъаджэ кьытщIэхьуэ щIэблэр.

Къардэн ФатIимэ

АПХУЭДИЗУ зэмылIэужьыгъуэу икIи купщIафIэу зэхэт зэрэджв программэхэм яхуэфащэ уныпIэ щагъэтыжыкIым анэдэлъхубзэмрэ льэпкь литературэмрэ. Льэпкъ дызыщI а фIыгъуэхэм я пщIэр умыгъэкIуэду, абыхэм я IуфIагъымрэ льапIагъымрэ сабийхэм зыхебгъэщIэн папщIэ, лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зептауэ, уи зэманми кьаруи уемылIажу упрэрытын хуеиIщ. Апхуэдизу хьэлэлу зи Iэнатl эзыхьэкIэм ящыщщI Дзэплькъуэ куейм хыхьэ Малкэ кьуажэм дэт курыт школ №2-м илъэс 40 хьуауэ щылажьэ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэ Къардэн ФатIимэ Мухьэмэд и пхьэр.

- ЕгъэджакIуэфI ухьун папщIэ, уи предметым куууэ хэпщIыкIыныр мащIэщ, атIэ лэжьыгъэр зэребгъэфIакIуэным ухущIэкIуэ, абы кьыхьихьэ мардэщIэхэр кьэбгъэсэбэпыфу ущытын хуейщ. - жеIэ ФатIимэ. - НэгъуэщIу хъункъым. Зэманым декIуу улэжьэнымэ, лъэхъэнэм хуэкIуэ щIэблэ бгъэсэну ужгу илъмэ, апхуэдэ жьыджрагъ пхэлыпхэщ. Технологие пэрытхэм я лIыщIыгъуэм егъэджакIуэхэми Iэмал яIэщ и щIэныгъэм лъэныкъуэ куэдкIэ хагъахьуэну, езыхэр дзэпыкъх уиэтIыныгъэхэм нэхъ хуиту щыгъуазэ зыкъуащIыну. Араущи, ди дерсхэм ящыщ куэд дэри кьуэхутэныгъэ мардэхэм яту доухуэу, лэжьыгъэм кьыщыдогъэсэбэп компьютерым и зэрыкI лъагэхэр.

ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным и гумрэ и псэмра етауэ, зэфIэкIрэ кьарууэ иIэхэр лэжьыгъэм ирихьэлIэу и Iэнатl эм пэрытщ Къардэнырэ. Ар егъэджакIуэу зэрылажьэрэ куэд щIами, абы зэи кьыIэщIэужагъэркъым и Iэщlагъэр. ФатIимэ и лэжьыгъэм тезэщIэн дзэ иэьна, апхуэдизкIэ и Iэщlагъэр, сабийхэр фIыуе елъагъури, школым дэмыту, ныбжьыщIэхэм яхэмыту и нэгу кьыщIигъэхьэфыркъым. И лэжьыгъэр фIэфIу зэрырихьэкIым кьаруущи жэрдэмыщIи щигъащIркъым а егъэджакIуэр, зыIэрингъэхьэ екъулIэныгъэхэм, здыиэс льагаIэхэм гукъыдэж кьрат, пщэдейрей махуэми мурадыщIэхэр хуиIэу тохьэ. Иджырей еджакIуэхэр кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я хуэщIауэ зэрыщытыр кьыгурыIуэу, Къардэнми и дерсхэр купщIафIэу еухуэ. ЕгъэджакIуэ Iэкlуэлъакlуэм зэрыжиIэмкIэ, сабийм темэр хьэзыру бгъэдэлъхьэкIи, щIэныгъэм пхудегъэхьэкIыныкъым, ауэ ар езым кьебгъэуфуеижрэ и Iуусу кьыупщытэжмэ, абы зыхищIэнущ езым иригъэкIуэкIа кьэхутэныгъэм кьрикIуэ «хьерыр» зэрыльапIэр, и гупсысэхэмкIэ эдынэса щIэныгъэр зэрыгъунапкъэнцэр.

Апхуэдизу егуГуу, жэуаплныгъэр зыхищIэу зыбгъэдэт егъэджакIуэ цыкIуэм я деж щыкIуэдыжрыкым я унэтIакIуэм лэжьыгъэм хилъхьэ кьаруурэ зэманрэ. Ахэр щIэх-щIэхыурэ хэтщ икIи щэныгъэ куэ кьыщагъэльагъуэ, увыпIэфIхэри кьыщаХь эзпеуэ зэхуэмыдэхэм. Апхуэдэ екъулIэныгъэхэм егъэджакIуэм и льэр нэхьри щIагъэкI, Iэмалыщ1э-хэр лэжьыгъэм адэжи кьыщIигъэсэбэпыным трагъэгушхуэ. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэрщ ФатIимэ тегъэщIапIэ ящыр «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм щыхэтми, ныбжьыщI республикэпсо зэпеуэхэм я утыку кьыщихьэмэ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм абы щигъэльэгъуа лэжьыгъэр нэхъыфIхэм хабжащ икIи «Дерс-кьэхутэныгъэ» уиэтIыныгъэмкIэ ящ уныпIэр кьыхуэгъэфащэу щытащ.

А текIуэныгъэхэм хуэдэ и мащIэкъым Къардэнымрэ. 2012 - 2013 гъэ адэжгъуэм кьриубыдэу Щоджэнщыкlу Алий и цIэкIэ екIуэкIа егъэджакIуэхэм егъэджакIуэми абы и гъэсэныгъэм ехьэлIа щIакъуэхэр ФатIимэ и унафэм щIэту Акьбей Азэмэтрэ Хьэжнэгуей Ритэрэ «Усакlуэм и творческэ щIэин» зэпеуэм хуагъэхъэзыра кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр гунэс ящыхьащ зэхьэзэхуэм и кьэпщIатакIуэ гупым икIи увыпIэфIхэр хуагъэфэщащ.

Анэдэлъхубзэмрэ льэпкъ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм фIыуэ яригъэльагъун папщIэ, дерсхэм кьадэжкIуэу, егъэджакIуэм зэхьэзэгъэпэщ классщIыбэ лэжьыгъэшхуи. ЕджапIэм Къардэным кьыщыдзэрегъэпэщ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я мазхуэхэр, усэ кьеджэныкIэ зэпеуэхэр, тхылъеджэхэм я конференцэхр, льэпкъ усакIуэхэм, тхакIуэхэм ятеухуа пшыхьхьэр. Сабийхэр щыуагъэпэнщIу, кьабзэу тхэуэ, я гупсысэхэр екIуу кьаIуэтэфу егъэсэныкIэ абы дэIепыкIыгъэгъу кьещI егъэкIуэхэм я лэжьыгъэ нэхьыфIкIэ хэм я гъэльэгъэгъэныгъэхэр.

ЕгъэджакIуэхэм зэрыкIуэ щIэблэм гъащIэм гъуэгу захуэу щытригъэувар. И гъэсэнхэм ящыщ дэтхэнэми я псэ кьабзагъэмрэ гу хуабагъэмрэ ящыщ хихьыхьэфащ егъэджакIуэм. Абы щыхьэт тохуэу ирегъэджахэм кьыхуэкIэ псалъэ щабэхэр, кьыхуэхэмэ, гуапэу фIэхьыс кьыззэрырахыр.

- Си гъэсэну щытахэм ящыщ куэдым я Iуэху зыIутым сыщыгъуазэщ, нобэми пыщIэныгъэ зыхуэзIэхэри мащIэкъым. Абыхэм я екъулIэныгъэм сыщогуфIыкI, я текIуэныгъэм сроин. Илъэс зыбжанэкIэ иригъэжьа цыхум ифI зэхихьан нэхъри нэхъ льапIэ щыIэ егъэджакIуэм и дежкIэ! - жеIэ Къардэным. - Абыхэм кьытхуаIэ льагъуныгъэр, кьытхуащI пщIэр, нэмысыр икъукIэ льапIэщ ди дежкIэ.

ЕгъэджакIуэм и гуапэ зэрыхъуди, абы и гъэсэнхэм ящыщ зыбжанэ и лъэужьым ириIуэжащ. АпхуэдизкIэ, псалъэм папщIэ, Мыргэкъан Дианэ, Хьэжнэгуейкэ Ларисэрэ Жаннэрэ, Аджий Залинэ, Кьуныжь Марьянэ, Хьуран Елены сыиэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм яхэтщ езым и гъусэу мы зэманым школым щылажьэхэри. ФатIимэ сэбэп мэхъу егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм Iэнатl эм хуэIэнэжь щIэхьыу хуэныкIэ.

Нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъу, егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я гъэзэгугъэльагъэ ФатIимэ и лэжьыгъэм гульытэ игъуэтащ. Абы мызэмыгIэу кьыхуэгъэфащщ КьБР-м Егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкIэ и министерствэм, Дзэлыкьэу куейм егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатl эм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьабгъэдэкI щыхь, фIыщIэ тхылъхэр, абы кьыфащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр.

Унагъуэ дахи иэщ ФатIимэ. Абырэ и щхьэгъуэ ЛатIифрэ бзиниц зэдагъэзэтащ. Сабийхэр пасэу адэшцэ хьуащ, ауэ анэ гумащIэм лъэкIащ ахэр тэмэму игъэсэн, щIэныгъэ, Iэщlагъэ яритын. Бзаным и нэхьыжь Ахьмэд КьБКъУ-м и экономикэ факультетыр ехьэлIэныгъэкIэ кьиуахащ, иджыпсту Новочеркасск и Iэщlагъэм щролажьэ. Абы кьыкIэльыкIуэ Жаннэ медаликIэ кьурт школыр кьиухри, КьБКъУ-м и химие факультетым щеджащ, «Россельхозцентр»-м и кьудамэу Налшык дэтым щолажьэ. ФатIимэ и кьуэ нэхъыщIэ Мурати щIэныгъэ нэхъыщIхъэ щыIэзэрэгъэзэтащ КьБКъМУ-м и агроном-фи культетым, мэлажьэ. А бзаным ятимыдзэхьуу, уеблэмэ ятэ иригъэшу ФатIимэ иплащ, иригъэджащ, Iэщlагъэр щIэныгъэр ириттащ пасэу дунейм ехьэжа и шыпхьу нэхъыщIэм ипхъу Марьянэ. Ар егъэджакIуэщ. ЩIалтIымрэ хьэджкэбзитIымрэ, абыхэм кьащIэхьуэ щIэблэр, фIыуэ илъагъу Iэщlагъэр и гурыфIыгъуэу мэпсэу ФатIимэ.

Апхуэдизу ирохьэлIэ Къардэн ФатIимэ и юбилейм - нобэ, щэкIуэгъуэм и 26-м, абы и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу. ЕгъэджакIуэ Iэ́ззм, унэгуащI Iэкlуэльакlуэм, анэ гумащIэм, анэшхуэ Iэфlым, унагъуэм я нэхъыжьыфIым дохьуэхьу и бынхэм, и кьуэрыльхъу-пхьурыльхъуэхэм я гукъуэу и имыльагъуу, и Iэнатl эм ехьэлIэныгъэщIэхэр щIэу, уэшнщэу псэуну. Апхуэдэ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэхэм я гущIэгъуэ гъапсэ ин лъэпкъым щIэблэ гъэса кьыщIэтэджкэным, унагъуэм ильэ фIыгъуэхэр хьумэным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

●Хъыбар гуапэ

Звёзднэ жылэм и вагъуэбзэр мэлыд

Ди къаралым и къалащхьэ Москва иджыблагъэ щекIуэкIащ школакIуэхэм я «Олимп» дунейпсо олимпиадэм и иужьрей зэхьхьэр. Ди республикэм щыщу абы хэтащ Щэджэм районым хыхьэ Звёзднэ жылэм дэт курыт школым и еджакIуэ гуп икIи екъулIэныгъэ лъагэхэр кьыщахьащ.

ЗВЁЗДНЭ жылэм дэт еджапIэр, щекIуэкI лэжьыгъэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ кьащIыта нэужь, гъатхэ кIуам хагъэхьащ «Урысейм и школ нэхъыфI 1000» къэралпсо базэм. Школым и еджакIуи 100-м щIигъуэм абы щыгъуэ гукъыдэж ящIауэ щытащ «Олимп» дунейпсо зэпеуэм хэтыну. Олимпиадэм и щIыпIэ, щIыналъэпсо зэхьэзэхуэхэм къарикIуахэр ящыщ, Москва щекIуэкIыну къэралпсо, дунейпсо Iыхьэхэм зэтыну абы ирагъэблагъащ еджапIэм и гъэсэн 45-рэ. Абыхэм ящыщу нэхъыфI дыдэхэр яхэхуащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хамэ щIыпIэхэм «Олимп» и школакIуэ 900 зыхэта иужьрей зэхьэзэхуэм. Зэпеуэм а и дунейпсо Iыхьэм щIэныгъэ кууэр щагъэлъэгъуащ Щэджэм куейм щыщ ныбжьыщIэхэм. «Олимп»-м и лъагапIэм нэсахэм ящыщщ сурэтым щыфIыагъу Къарэлъашэ Маринэ. Ар Звёзднэ жылэм дэт курыт школым и 9-нэ классым и еджакIуэщ. Маринэ зэрыцIыкIу лъандэрэ еджэным хуэнэхъуеиныгъ, и егъэджакIуэхэр, и адэ-анэ Феликсрэ Заретэрэ и ехьулIэныгъэхэмкIэ игъэгуфIэу, игъэгушхуэу щIэныгъэ зрегъэгъуэт. Къарэлъашэм и гъусэу дунейпсо олимпиадэм ехьулIэныгъэ къыщахьащ Старовойтовэ Александрэ, Бугримовэ Екатеринэ, Горячев Евгений, Куриевэ Миленэ, Трам Дианэ сымэ. Абыхэм псоми кьратащ дунейпсо олимпиадэм и щIыхь тхыльхэмрэ «ЕхъулIэныгъэ къыздэрымыкIуэхэм пащIэ» медалхэмрэ.

«Олимп» дунейпсо зэпеуэм щытекIуа ныбжьыщIэхэм дохъуэхъу ехьулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу, я курыт школым, ди республикэм я цIэхэр фIыкIэ ягъэIуу щIэныгъэм и лъагапIэ куэд иджыри къащтэну.

КЪАРДЭН Маритэ.
Сурэтым:
Къарэлъашэ Маринэщ.

ЩIэблэм щапхъэ яхурырехъу

●Гъэсэныгъэ

**IэщIагъэу кьыхэха егъэджэныгъ-гъэсэныгъэр сыт хуэдэ зэманри гъащIэм ямыIэпхуэ щыгъуэ ныбжьыбзэ уиэтIыныгъэхэм ящыщщ. Абы макъуэ къэжьхуэIэм хуэдэу зэхьэзэныгъэщIэхэр кьыхохьэ, арищхьэкIэ IэщIыб щщIы хъунукъым лъхъэнэ псокIэ абы и лъабжьэр зыгъэтIылъа Iуэху зехьэкIэ мардэхэри. Абыхэм ящыщщ кьытщIэхьэу щIэблэр щапхъэ зэрыльагъуэмкIэ гъэсэныр, фIым, пэжыгъэм, захуагъэм хуэдущийуэрэ. Щапхъэхэм щхьэкIэ жьыжьэ ущIэкIуэнри щыIэкъым - ныбжьыщIэхэр зыдэпльеии нэхъыжьыфIхэр. Тхьэм и фIыщIкIэ, ди мащIэкъым. ТхыдэмкIэ егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лжьэа сэ сфIэгъэщIагъэуну сроплъэж ди аджьхэм я гъащIэ гъэзэгуанэм. Нобэ сигу кьызогъэкIыж си адэр. СызэригугъэмкIэ, кьыщIэхьуа щIэблэм абы и гъащIэ гъэзэгуанэр щапхъэ яхэхьэнущ.

СИ АДЭ Iпуп Данил Индрис и кьуэр 1895 гъэм Щхьэлыкъуэ кьуажэм кьыщалъхуащ. ЩIы кIапэ яIэмэ, и адэмрэ и кьуэщ нэхьыжь ТIалибрэ я гъусэу абы телъэхьыащ. Кьуажэм дэс нэхъ кьулейхэм я бынхэм папщIэ еджапIэ кьызэIухати, Даниилэ я гъэнэгу щIалэ щIыкIу, Щэрданхэ ейуэ, абы кIуэрт. ЕджапIэм екIуэлIапхьэхэм я спискэм Даниил имытми, ар школым кIуэрт и ныбжьэгъум и гъусэу. Илъэ иримыкъум кьрипубдэу абы еджкIи тхэкIи зригъэщIащ.

Октябрь революцэр ди щIыналъэм къэса нэужь, 1918 гъэм Даниил лъаIуэри Дзэ Пльыжьым хьхьащ. Гикалэ зи унафэщI гупым хэту, ар щызэуащ Къьэрдей-Балькъэрым, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым. Щалъхуа кьуажэм 1923 гъэм къкIуэжащ, властыщIэ увам и лъабжьэр зыгъэбыдэхэм яхэтащ, мыгувэу коммунист партым хьхьащ.

ЦИК-м и унафэкIэ Къьэрдей-Балькъэр автономнэ областым и кьуажэшхуэхэм унагъуэ куэд хагъэIэпхьукIыурэ, кьуажэщIэ кьызэрагъэпэщащ. 1926 гъэм ЦХъэлыкIуэ унагъуи 154-рэ хагъэIэпхьукIри, Джэрэнэшык ягъэтIысауэ щытащ. А Iуэхуми и кьару емыблэжу хэтащ ди адэр. 1926 - 1941 гъэхэм Даниил лэжьащ мэкъумэшыщIэхэм ядэ-Iэпыкъуныкъ1э жылагъуэ комитетым, колхозым, кьуажэ Советым я унафэщI, колхозхэм парт организацием и секретару. Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям, Даниил кьуажэ советым и тхьмадэт. Абы лъэIу тхылъ итхащ зауэм кIуэну, лъы щIигъэжа властыр ихьуэну. 1941 гъэм и дыгъэгъазэм ар фронтым Iуэхущ, Къьэрдей-Балькъэр шуудзэм хьхьащ икIи псэмыблэжу зэуащ. Даниил 1943 гъэм и щыщхьэуIу мазэм Харьков кьалэм деж и гъэр щитащ. А зауэ гуащIэм хэтащ жьлэм щыщу 176-рэ, 95-р абы хэкIуэдащ. Зауэ угъурсызым ди кьуажэм щыщу фызабэ ищIащ щыхуб 60, зеиншэ ищIащ сабий 119-рэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зауэм хэтаэ, абы фызабэ ищIауэ 2008 гъэ льандэрэ жьлэм зыри диIэжкъым. Зауэм хэкIуэдахэм я быну псэужьыр 37-рэщ. Зауэм хэкIуэдахэм я фэепль дэгъуэ кьуажэ еджапIэм и щIапIэм дэтщ. Ар колхозым и мылькъукIэ 1970 гъэм ягъэуващ, зауэр зэрыухрэ илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Илъэс къэс, нахьыбгъэ 9-м, мэкъуаэгъуэм и 22-м фэеплъым деж пэкIу щыдогъэкIуэкI. Абы кьрохьэлIэ кьуажэ унафэщIхэр, зауэм хэтахэр, зауэм фызабэ ищIаэр, абыхэм я бынхэр, Iыхьлыхэр, кьуажэдэсхэр, еджакIуэ цыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, кIыхьлыкIуэхэр, Афганистаным щыIэуаэхэр. Абы ветеранхэр, кьуажэ унафэщIхэр кьыщоцалъэ, егъэджакIуэхэр зауэм хэтахэр, кьуажэ ефэндым зауэм хэкIуэдахэм папщIэ дыуэ ярегъэщI, гуIэ шхын кьыдоIэт.

Апхуэдэ лэжьыгъэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэр ди тхыдэ блэкIам, ТекIуэныгъэ Иныж зи псэр щIэзыта си адэм хуэдэ ди кьуажэгъуэнэхэм я гъащIэм щIэблэр щыгъуазэ щIыныр, абыхэм я щапхъэм ахэр щIэпIыкIыныр.

Си адэм нэхъыр илъэс 32-кIэ нэхъыжь сокъэхущ сэ идкьпсту. Абы и феепльыр сымыгъэжIауэ щыщIэкъуу, схъымащ адэм зауэм кьритхыкIа письмохэри. 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м иужь дыдэу кьитха письмом ТекIуэныгъэр кьызэрахьыныр щэч кьызэрыгримыхьэр итщ. Кьыхьащ ТекIуэныгъэ Иныр накьыгъэм и 9-м, ауэ абы щIэхъуэпса ди адэм ар ильэгъуакъым. Си адэм и уэсятыр ди анэм игъэщIащ - сыт хуэдизу гугъу емыкьамиц, сэри, Мурадини, Володи щIэныгъэ нэхъыщхьэ кьыдигъэхьащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ дыхигъэуващ, ди адэм и дуней тетыкIар гъащIэ гъуазэу кьытхуигъэльагъуэу. Си адэм хуэдэу и псэ емыблэжу хэкум и ехьулIэныгъэм хуэлэжьахэр, абы и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэр куэд мэхъу. Абыхэм я гъащIэр кьызэрекIуэкIам щыгъуазэ щIыпхъэщIэблэр, я нэхьыжьыфIхэм зрагъащIуэ, яхуэфащэу щытыным хущIэкъуу кьэтэджын папщIэ.

ЛУП Нурхьлий,
егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран.

●Дэ кьытхуатх

ЕгъэджакIуэ щыпкъэ

КьытщIэхъуэ щIэблэр тэмэму егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ зи гуащIэ хэзыльхьэхэм ящыщщ. Кьулъкъужьи Ищхьэрэ кьуажэм дэт 4-нэ курыт школым илъэс куэдкIэ щылэжьа Джэху ФатIимэт. Абы зи сабий иримыгъэджа адэ-анэ, и Iэзэгъэм щымыгъуазэ куэд кьуажэм дэскъым. ФатIимэт пенсэм кIуауэ мылэжьэжми, абы и дерсхэр иригъэджахэм иджыри ящыгъупщIакъым. Гумыаягъэу, ешрэ кьэкIуэгъэ имыщIу и Iэнатl эр зэрырихьэкIарщ егъэджакIуэфIым кьуажэдэсхэм щIэ щIыхуащIыр.

Кьулъкъужьи Ищхьэрэ кьуажэми кьыщалъхуащ ФатIимэт. Унагъуэфl кьыщыхъуа хъыджэбзыр жылэ курыт школ №3-м хъарзынэу щеджащ. Зыхэтхэм фIыкIэ кьахэщIу, еш имышIэу, егупуу едж пщащэр КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм щIэтIысхьащ. 1978 гъэм КъБКъУ-р екъулIэныгъэкIэ кьиуха нэхъ, ФатIимэт лэжьэн щыщIидзащ я кьуажэм дэт курыт еджапIэ №94-м.

ЩIэблэм уадэлжьэнхэр кьызэрыгуэкI лэжьыгъэу зэрыщымытыр гурыIуэгъэщ. А кьалэныр псом хуэмыдау хьэпъэщ. Iэжьэм щIэзыдзэ гъащIэхэм я дежкIэ. ЩыуагъащIэхэм ФатIимэтми, дауи, гугъуехь гуэрхэм хэхуащ, ауэ хэзм-хуэмурэ абы кьыхуташ егъэджэныгъэм и щэхуэр, курыт школымрэ университетымрэ щезыгъэджахэм кьабгъэдиха Iэзагъэр кьиигъэсэбэпурэ.

- Нобэми сигу ихурхъым школым сыщезыгъэджахэр, - жеIэ ФатIимэт. - АпхуэдизкIэ кьуажэ псом фIыуэ кьащIыхуу щытахэу псом фIыуэ кьащIыхуу биологием и хабзэхэм щыгъуазэ дыхуэзыщIа Хэмэ Дина, урысыбзэмрэ литературэмрэ дзэзыгъэджа Щауей Мухьэмэд, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу диIа Ёэдэчхэ Роззэрэ Сэфарбийрэ, математик Iэзэ Кьуэдз Iуусс, тхыдэм и напэкIуэцI гъэщIэгъуэнхэр ящыщу кьытхуэзIуэныха Кьэзакъ Сэфарбий сымэ. Абыхэм я Iэщlагъэм хуаIэ льагъуныгъэмрэ ядэтIльэгъуа жэуаплныгъэмрэ псэкIэ зыхэдмыщIэу кьэнакъым щэрэ. ЖыпIэнурамэ, абдеж кьыщежьащ сэ егъэджакIуэ Iэщlагъэм хуэсщIа гухэпъри.

И егъэджакIуэфIхэм зэрахабзэу, ФатIимэти и дерсхэр зымы емыкIыху зэпигъэуэрэт. ФатIимэт егъэджэныгъэм кьыдэкIуэу, гъэсэныгъэмэ зэрыгъэуэрэт. Абы тегъэщIапIэ ищI зэпытт пасэрей адыгэхэм кьытхуагъэна адыгэ хабзэхэр, акъыпI, Iуущигъэзыхэль джэгуKIэхэр, псалъэхьэхэр, псалъэ шэрыуэгъэр, кьуажэхьэхэр, апхуэдизуи нэщэнхэхэр. Ди щIынальэм и тхыдэмкIэ дерс щхьэхуэ щIэмэи, сабийхэр езым и уроккэми тхыдэ хъыбархэм щыщIигъэдэIурт.

Абы и жэрдэмкIэ школым щIэх-щIэхьыуэ кьыщызэрагъэпэщащ хьуауэ ар щытащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я дерс зэIухахэр, пшыхьэр, джэгу-зэпеуэхэр. А зэIуIэгъэ щыщу щIэмэи, сабийхэр езым и уроккэми тхыдэ хъыбархэм щыщIигъэдэIурт.

Абы и жэрдэмкIэ школым щIэх-щIэхьыуэ кьыщызэрагъэпэщащ хьуауэ ар щытащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я дерс зэIухахэр, пшыхьэр, джэгу-зэпеуэхэр. А зэIуIэгъэ щыщ щIэмэи, сабийхэр ещыр и уроккэми тхыдэ хъыбархэм щыщIигъэдэIурт.

Абы и жэрдэмкIэ школым щIэх-щIэхьыуэ кьыщызэрагъэпэщащ пэгъэнэщ хьуауэ щытащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я дерс зэIухахэр, пшыхьэр, джэгу-зэпеуэхэр. А зэIуIэгъэ щыщ щIэмэи, сабийхэр ещыр и уроккэми тхыдэ хъыбархэм щыщIигъэдэIурт.

ФатIимэт и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ екIу ирокъури, узынщэу куэдрэ иджыри псэуну ди гуапэщ. Нэмыс дахэ зыхэль бзылъхугъэм насыпыфIэу зыхьэльытэж. Аращ ди нэхъыжьхэм жаIэу щытари: «Нэмыс зыхэлъым насыпи егъуэт».

ПЩЫХЬЭЩIэ Хьэмзэт.
Кьулъкъужьи Ищхьэрэ кьуажэ.

Илъэс 30 ирикъуащ

Бахьсэн районым щыщ ХьэтIэхъущыкIыуей кьуажэм дэт 2-нэ курыт еджапIэр кьыззрызэIуахрэ илъэс 30 зэрырикъум пшыхь дахэ иращIэжащ иджыблагъэ.

Я МАХУЭ лъэпкIэ екъуэхъуну абы зыкъраГъэхъэлIащ куей админстрацэм и унафэщIым и кьудзэ **Къэзан Заур**, районым егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Абрэдж Тамарэ**, кьуажэ администрацэм и унафэщI **Къумыкъу МуIэд**, еджапIэм илъэс куэдкIэ щылэжьаэхэм, ар кьэзыухахэм.

ЗэIущIэр гъэщIэгъуэну икIи гукъинэжу ирагъэкIуэжащ. КъырихьэлIаахэм Iэмал яIащ еджапIэм и лэжьэкIэм зыщагъэсIуэгъэзэну, республикэм щыщIэрыпэу щыху куэдым ябгъэдэсыну.

Пшыхьым и кьэзэгъэпэщакIуэхэм суредхэмрэ теплъэгъуэ кIэщIхэмкIэ зэхэгъэувэу кьрихьэлIаахэм я пащхьэ къраIуахьэ фильмыр еджапIэм и тхыдэм теухуат. ЕджапIэм и яп1э унафэщIу щыта **КIуращын Алий** игу къигъэкIыжащ школым и лъабжьэр яГъэтIылъэу зэрыщытар, абы зэжьыгъэшхуэ зэрыщIэкIуэкIар. Кьыхигъэщащ ноби школыр зэманым зэрыдекIур и гущIэгъуэр.

Мы еджапIэм иджыблагъэ кьыщщIэзэуахащ сабий сад зырызнэ. Абы кьрашаIэ щыкIу 75-рэ. Апхуэдэ Iуэху дахэр кьызэрэпещынымкIэ дзIэныкьуэгъу яхуэхьуа Бахьсэн районым администрацэм и унафэщI Сыжаж Хьэсэн фIыщIэ хуащIащ. ГуфIэгъуэ зэхуэсым я щIэ кьыщрагъаущ зи лъжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэт егъэджакIуэхэм, абыхэм щытхъу тхыльхэр яратащ. Апхуэдизу, районым администрацэм кьыбгъэдэкI щIыхь тхыльтхIэ ягъэпажащ еджапIэм и унафэщI **Тезадэ Оксанэ**.

Зэхьыхэр кьафэкIэ ягъэдэхащ егъэджакIуэ щыкIуэм.

ТАБЫЩ Динарэ.

●Школ Iуэхухэр

Волгоград зыщаплъыхь

Прохладнэ къалэм щыщ егъэджакIуэхэм я бжьыхьэ зыгъэпсэхугъуэр нэгуэшыжьу ягъэкIуащ. Абыхэм кьыщакIухьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ЛIыхьужьыгъэ щызэрахьа щIыпIэхэм. Апхуэдэ «зекIуэкIэ» ныбжьыщIэхэм яхуэпсап Прохладнэ къала администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэщ.

«САБИЙХЭМ я адэ-анэхэм дащыIущIэхэм мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьырт советыдэзэм и зауэлIхэм лIыхьужьыгъэ щызэрахьа щIыпIэхэр сабийхэм я нэкIэ егъэлъагъуным. А гупсысэр иджыщ нэрылъагъу щыхъуар», - жиаIащ къалэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Скляровэ Татьянэ.

Прохладнэм и щIэблэр щыIащ Маемай и Iуащхьэм, «Сэлэт губгъуэм», «Сталинград зауэ» музейм, къахэдж музейм. Ахэр кьезышIэкIа экскурсоводым цIыкIуэхэм яжриIэжащ Хэку зауэшхуэм хэта лIыгъэжьэ нэхъ гуащIэ дыдэр Сталинград дэж зэрыщыIар, ар махуэ 200-кIэ зэрекIуэкIар.

«Волгоград зэрыщыту ди зауэлIхэм я хахуагъэкIэ гъэщIащ. Нэхъыбэу сыдэзыхьэхар Мамай и Iуащхьэращ. Экскурсоводым дэ дыщигъэтъуэзащ тхыдэмкIэ тхылъхэм я щIэ. Интернетми кьыщумыгъуэтын хьыбархэм. «Хэку-анэр кьыдоджэ!» фэепльым гъунэгъу ущыхуэхъуэкIэ, гушхуэныгъэмрэ гущIэгъуэмрэ, гурыфIыгъуэмрэ нэщхъеягъуэмрэ зэуэ уи гум кьыщIегъэуш, мамырыгъэм щIэзэуа, фронтым ТукIуэда зауэлIхэр нэгум кьыщIохьэри», - кьыддогушэ Андросовэ Кристинэ.

ЩIыпIэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ и кьудамэм и унафэщI Колпак Ольгэ жиIащ бжьыхьэ зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлIэу апхуэдэ «зекIуэкIэр» гъэ къэс кьызэрызэрагъэпэщынур.

ШЫПШ Даянэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Фырэ Руслан саугъэтыр ет.

Шыбзыхъуэ Басир и фIыщIэ псалъэ.

Зэрыгъэгушхуауэ, зэхуэарэзыуэ

иухащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ театрхэм я фестивалыр

(КIэухыр. ПщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къалмыкъ Республикэм и Лъэпкъ драмэ театрым, Басангов Борис и цIэр зезыхьэм, фестивалым и етIуанэ махуэм Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щигъэлъэгъуащ Бадмаев Алексей и «Голубоглазая каторжанка» спектаклыр. Къыхэгъэщитхъащ мы спектаклыр япэу зэрагъэлъэгъуар. Зы унагъуэм, лъэпкъым, къэрал псом я щхьэм кърикIуа гуэзвэгъуэр къигъэлъэгъащ моноспектаклым щыджэгуа Палтыновэ Тамарэ. Къалмыкъ лъэпкъыр Хэкум зэрырагъэкIар, ягъэва бэлыхьэр спектаклым кърихьэлIахэм сыхьэтрэ ныкъуэкIэ я нэгу щIигъэкIащ абы. Театрым и художественнэ унафэщI, УФ-мрэ КъР-мрэ гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, спектаклым и режиссёр Манджиев Борис зэрыкIам-кIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и театр критикхэмрэ театреплъхэмрэщ лэжьыгъэр япэу зыльъэгъуар икIи ар къаззрыщыхьуам мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Осетие-Ищхъэрэ Аланием и къэрал академическэ театру Тхапсаев Владимир и цIэр зезыхьэм игъэльэгъуащ франджы комедиограф Вебер Франсис и пьесэм кьыгращIыкIа «Кто из нас дурак?» спектаклыр. Абы и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху Франсис и псалъэхэр тхьишащ: «Зыгуэрым делэ фIэпщын и пэкIэ тIэу уегупсысын хуейц». Мы лэжьыгъэр теухуауэ нобэ щыихухэм гуапагъэрэ гущIэгъуэрэ къаззремощIэкIым.

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым езым и Іухущ Іапэм щигъэлъэгъуащ Гольдони Карло и «Трактирщица» спектаклыр.

Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и репертуарым кьыхихар Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыкъ гуащэмрэ» пьесэщ. Ар игъэуващ режиссёр, УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз республикэхэм гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Фырэ Руслан. Кьыхэгъэщыпхъащ мы лэжьыгъэм КъР-м и Іэтащхьэм тетар гъуэджэмкIэ и грантыр зэрыхуагъэфэщар.

Адыгэ Республикэм и къэрал драмэ театрым, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэм, утыку кьрихьащ Розов Виктор и «В день свадьбы» пьесэр. Мы театрыр 1936 гъэм къыхэзIыхауэ щытащ. Къыжьыпхъащ, Адыгейм и Урыс театрыр зэфIэзгъэувэным РСФСР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист ІэхъуэджакIуэМэжид хэлъхьэнигъэфI зэрыхуищIар.

Дагъэстэным и къэрал къумыкъуму мэзыкэ-драмэ театру Салаватовым и цIэр зезыхьэм игъэльэгъуащ Островский Александр и «Бешенные деньги» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр.

Лъэпкъ драмэ театрэм спектакль зырызэ ягъэльэгъуа ныжь, УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгуэхэныгъэм и щIыналъэ къудамэм зэIущIэ щекIуэкIащ, Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ театрхэм зэрызэбгъэзыжьыфIу щIыкIэм теухуауэ. Зэхьыхьэм къыщыпсэльащ лъэпкъ драмтеатрхэм я унафэщIэхэр, режиссёрхэр, художественнэ унафэщIхэр.

Фестивалыр Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щызэхуащIыжащ. Абы хэтащ республикэхэм я къэрал драмтеатрхэм я унафэщIхэру УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Луганский Евгений (Ставрополь), УФ-м и цIыхубэ артист Айгумов Айгум (Дагъыстэн), абы и къуэдзэ Атагаджиев Кагир, Ингуш Республикэм гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Базоркин Микаэл, УФ-мрэ Къалмыкъ Республикэмрэ гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Манджиев Борис, Адыгэ Республикэм гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Иванченко Николай, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан кьыхихгъэщащ мы фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, республикэхэм я пьесхэр, драмтеатрхэр я зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжьынымкIэ, зым и лэжьыгъэм адрейр кIэлъыплъынымкIэ, артистхэм я щыуагъэхэм гу лъатэжьынымкIэ, я Іэщ Іапэм хагъэхъуэным-кIэ зэрыщыхьэр. Фестивалым къебгъэгъа хьэщIэхэм Фырэ Руслан екъуэхъуащ узынщагъэ, екъуэлIэныгъэ иIэну, ди щIыналъэр зыщамыгъэзгупущэну ящриIащ.

Министрым щыIых тхыльхэр яритащ фестивалым хэта театр псомиз. Утыкум ирагъэблагъащ зэхьыхьэм и къэпщIакIуэ гупым и унафэщI, УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгуэхэныгъэм лъэпкъ театрхэмкIэ, драматургиемкIэ иIэ кулъдамэм и унафэщI, Урысейм и театр режиссёрхэм я гильдием жэуап зыхь и секретарь **Корчак Марина**, абы и къуэдзэ, профессор, Москва и «EtCetera» театрым и художественнэ унафэщIым проектхэмкIэ и дзэпыкъуэгъу **Никольский Алексей**, къэпщIакIуэ гупым хэтахэу Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщгъу, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьалахъуэ Светланэ**, Ингуш Республикэм и Урыс къэрал музыкэ драмэ театрым и художественнэ унафэщI, Урысей Ипщэм и Театрхэм я зэгуэхэныгъэм и унафэщI **Базоркин Микаэл**, КъБР-м и Іэтащхьэм и правленэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Фырэ Майе**, «Заманч» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, усакIуэ, драматург **Беппаев МутIалиб,** ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэм институтым и профессор, режиссёр **Шэрдэж Мухьэмэд** сымэ. Абыхэм щIыхь тхыльхэр яратащ.

КъэпщытакIуэхэм нэхъыфIу къалытащ Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и «Пащтыхьымрэ пащтыкъ гуащэмрэ» спектаклыр, режиссёр лэжьыгъэ нэхъыфIу къагъэльэгъуари Фырэ Руслан ейрщ. А спектаклъ дыдэм щыджэгуа Шыбзыхъуэ Басир (Грозный Иван и ролыр) цIыхухъэ роль нэхъыфIым кьыпэкIуа тхыльыр лъагъэсащ, цIыхубэ роль нэхъыфIыр зыщIадзуэ къалытар «Трактирщица»-м щыджэгуа Бечеловэ Людмилэрэ (Мирандолинэ и ролыр) «Пащтыхьымрэ пащтыкъ гуащэмрэ» спектаклым пщы гуащэ Старицким и ролыр щызыгъэзэщIа ЖьакIэмыхъу КIунэрэщ. Зэгъусэу зэрадзекIуа актёркэхэм нэхъыфIу къалытащ Буряк Ольгэрэ Баранниковэ Ириндэ («Сотворившая чудо» спектаклым, Аннирэ Эллендэ я ролхэр), зи закъуэу нэхъыфIу джэгуа артисткэ хъуащ «Голубоглазая каторжанка» спектаклым Фоменкэ Аллэ и ролыр щызыгъэзэщIа Палтыновэ Тамарэ, «Гугъэ» саугъэтыр лъагъэсащ Гонзиркоевэ Софье («Сотворившая чудо» спектаклым пащIэ). Театр гъуэджэм хэлъхьэнигъэфI зэрыхуищIам пащIэ Конюхов Александр, Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным зэрыгъэгъуэкьам щхьэкIэ Базоркин Микаэлэ Айгумов Айгумрэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие («Пащтыхьымрэ пащтыкъ гуащэмрэ») и образым пащIэ Тхьэщыгъуэй Жаннэ саугъэт щхьэхуэ хуагъэфэщащ.

Пшыхьэр ягъэдахащ Музыкэ театрым и солистхэру Мамбэт Мадина, Гергокаевэ Хьэлимэт, «Кадриллиа» къэрал академическэ ансамблым, КъБКъУ-м уэрэдымрэ кьафэмкIэ и «Амикс» театрым, «Каллисто» ансамблым, УФ-м щIатхъэу кьыщIатьыта «Нал цIыкIу» къэрал ансамблым.

ТЕКIУЖЬ Зарэтэ.
Сурэтхэр **МАММИЙ Русланэ**
КАЮДИН Евгенийрэ *трахащ.*

«Си адэ-анэр полицэм щолажьэ»

● Зэпеуэ

Республикэм щекIуэкIа «Си адэ-анэр полицэм щолажьэ» сурэт зэпеуэм кьрикIуахэр КъБР-м щыIэ МВД-м щыгъэхальхъэжащ. Абы хэтащ илъэсэн 6 - 12 ныбжьым ит сабий 60-м щIигъу.

НЫБЖЬЫщIэХЭМ я Іэдакъэщ Іэкъэм я нэхъыбэм хэпльагъуэрт художественнэ композицэ нэщIыса икIи нэхъыфIыр кьыхэпхыныр тыншагъкIи. Сурэтхэм, абыхэм нэгъуэщIу уедакъфынукъым, кьыщIигъэльэгъуар лъэкIыгъэм пэрыт полицейхэрт. Зым къытощ гъуэгу-пльыр кьулыкъым и лэжьакIуэхэр, адрейм - полицэм и участкэвэм кьызэхекIуахь и нэIэм щIэт щIыпIэр.

Куэдрэ зэчэнджэщ, я Іуэху епльыкIэхэмкIэ зэхъуэжа нэужь, япэ увыпIэр лъагъэсащ илъэси 6 зи ныбжь, Налшык кьалэ дэт «Улыбка» сабий сад №73-м и гъэсэн Іуэхущхэр Темырлан. ЩхьэлыкIуэ кьуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м щIэс Бзабэ Мухьэмэд (илъэси 9) етIуанэ хъуащ. Май кьалэм и курыт школ №5-м кIуэ Дзэгъэл Кристинэ (илъэс 12) ещанэ увыпIэр кьыхьащ.

Къэрал кIуэцIкIэ Іуэхуэсэнкіэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущапіэм щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, сурэт зэпеуэм дихьэхар сабийхэм я закъуэкъым, атIэ балигъхэми абы гулъытэ хуащIащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэ.

Псапэ

Къуажэдэсхэм я гукъэкIкIэ

Къуэлъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм революцэм и пэкIэ щагъэуауэ щыта мэжджитыр щIыпIэм щыгъэуэсэм я щыпкъэкIэ къыгъэщIэрэщIэжащ.

КъУАЖЭДЭСХЭМ мэжджит пщIантIэр кьыззрыхъуа бжыхьэр яхъужащ, унащхьэр зэрахъуэкIащ, куэбжэ хальхьащ. Иджы гуэш ящI, гъущапIэ иIэн папщIэ.

«ЩIэх-щIэхьыгъэ зыкуей хуэбгъазэмэ, къабзэгъабзэу зепхьэмэ, мэжджитыр ящIащ зэман кьыхьКIэ щытынущ»,- жиIащ къужажэм дэс Хъуэт Хьэсэн.

Хьэпсэхъущыкьуей къужажэми и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щIыIэ кьхъэр къахухьащ, куэбжэщIэ хальхьащ. Абы тенъудащ сом мин 400 хуэмыдэ щIэгъэкъуэн хуэхъуащ къужажэ администрацIэр.

АЛОКЪУЭ Ариян.

ГугъэфIхэр къэзыгъэщIэрэщIэжа кIэух

● Футбол

«Спартак-Налшыкыр» гуащIэу йобгъэрыкIуэ, «Енисей»-м и кьару кьыззрихьIэ зехьумэж.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Енисей» (Красноярск) - 1:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩIэкIуэгъуэм и 23-м. Цыхуэ 600 епльащ.

Судьяхэр Лаюшкин (Мэзкуу), Колосков (Уфа), Петросян (Бронницы).

«Спартак-Налшык»: Степанов, Рогочий, Засеев, Абаэз, Гарбуэ, Чеботару, Руа (Сирадзе, 64), Коронов (Буйтрагэ, 88), Щэуей, Аверьянов, Гуэщокъуэ (Тимошин, 72).

«Енисей»: Плотников, Лебамбэ, Магадиев, Шабаев, Никитин, Качан, Иванов, Хэрпуатов, Буш, Лесканэ, Рыжов.

Топыр дигьэкIащ: Гуэщокъуэм, 30 (1:0).

Дагъуэ кьыхухащIащ Рогочий, Абаэзэм, Харитоновым, Степановым, Никитиным.

Джэгум кьыхахуащ Рогочий.

НЭГЪАБИ хуэдэу, гъэм и кIэух зэIущIэм мы командзэхэр Налшык щызэхуэзащ. ИльэсипэкIэ 2:0-у текIуэу «Енисей»-м и «Спартак-Налшыкыр» гукъыдэжьыншэу щымахуэ зыгъэзэщIауэ щIэмахуэ иджыпсу Іуэхуэр ящIащ.

Джэгум и пэ дакьикьэхэм наIуэ ящIащ красноярскдэсхэр захъуэмэкьи къудей щхьэкIэ Налшык кьызэрымыкIуар. Аизэ хуэдэхъуащ хэгъэрейхэм я дэтхэнэ еебгъэрыкIуэныгъэми хуэфэщэн жэуап иратыну. Абы щыгъуэми ди щIалэхэм топыр нэхъ ягъэзэжьуэльакIуэт икIи тепщэныгъэр яIэщIэлът. «Спартак-Налшыкыр» нэхъыбэрэ гъуэм зэреуэнми хуэщIэкъурт.

Красноярскдэсхэри хуэмыхутэкъым. Абыхэм я гъуэм бгъэдыкьыгъуейт икIи налшыкдэсхэр жьыжьэу кьызэреуэм я гъуащхьэтетыр тыншу пэльэщырт.

Бжыгъэр кьызэIуахьыным гъэнэгъу щыхуэхьуар епщыкIуплIанэ щакьыкъэрщ. ХьэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ льэщым кIэух дахэ иритыну хуIэкъуащ Харитоновыр, аращхьэкIэ ди гъуащхьэтетыр бэлэрыгъакьым икIи топыр зыIэрригъэхьащ.

Шынагъуэ кьаззрыкъуэкIам «Спартак-Налшыкыр» нэхъ ерыщыжу ипэкIэ игъэкIуэтащ. Джэгум щыщу сыхьэт ныкъуэ блэкIауэ ди щIалэхэм текIуэныгъэр кьахуэхьэна топ закъуэр дагъэкIащ. «Енисей»-м и гуащхьэтетым кьыдихуа топыр Шэуей зыIэригъэхьэри, хьэщIэхэм я гъэмкIэ псынщIу зэричащ. ГъущхьэхъумитI-щым яIэщIэкIри, Гуэщокъуэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ ар щытыкIэфI ихуащ икIи и кьару кьыззрихьIэ гъуэм еуащ. Пкьом техуэу къэпьеижа топым япэу нэсар Арсенщ. Абы ар гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхъумэрэ я зэхуакум дитэкIри, бжыгъэр кьыззIуихащ.

Мыгувэу Гуэщокъуэр аргуэру кьыхэжаныкIыфыну щытащ, арщхьэкIэ зымащIэ дыдэкIэ абы топыр гъуэм хуигъэзфакьым.

«Енисей»-м кьехъуIащ щыIэжтэхъым. Пэжщ, зэIущIэм и япэ Іыхьэм и кIэухым абы бжыгъэр зэхуэдэ ищIыкь пэтащ. Нахъыпэ щIэкIа метр зытухукIэ фIэкIа пэмыжьжьами, Никитиным ди гъуэм хуигъэзэфакьым.

Загъэпсэхуу кьихьэжа нужькIи «Спартак-Налшыкыр» нэхъ жьыдэкъащ. Нэрылагъуэ ар текIуэныгъэм ерыщу, зэрыхуэкIуэр, арщхьэкIэ мыбдежьым Іуэхум кьыхьыхащ зэIущIэм и судья нэхъыщхьэ Лаюшкиныр. Кьэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхъэм ар фIы дыдэу яцIыху икIи ди командзэр premьер-лигэм щыхэтам абы налшыкдэсхэм ящIащ джэгум кьыкьыхьуа е я гъуэм пенальти кьыщIримыгъэуа куэдрэ къэхъуакъым. Нэгъабэ «Урал»-м щригъэблэгъам ди футболиститIым зэрэ щIэтыр дэжьуг нэхъ пасэу яригъэхуащ. Мис аргуэрурэ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэ нэхьыфIхэм ящIащ Рогочий зэIущIэм и гъащIэгъуэм етIуанэу дагъуэ хуищIри, джэгум кьыхихуащ. Абы и зэранкIэ дакьикьэ тIощIым щигъэкIи ди щIалэхэр зы цIыхукIэ нэхъ мащIэу «Енисей»-м пэщIэтащ.

Лаюшкиным и нэхеикIэ нашыкдэсхэм аргуэру екьулIэныгъэ зыIэрагъэхьащ икIи бжыгъэр зэхуэдэ ящIыну абы хэм хьщIэхэм зы Іэмали иратыжакьым.

«Спартак-Налшыкым» и дежьэ мы текIуэныгъэм хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы мыгъэрей зэхьэзэхуэр хуэмыхуу иригъэжьами, и Іуэхуэр иригъэфIжьуэжауэ щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэм тохьэ. Жэпуэгъуэм и Іуэхущ Іэдзауэ иригъэкIуэкIа джэгугъуибгъуэм тхуэ щытекIуащ, зэ щыфIахьауэ аращ. И кьэрхуэрэгъуэм топибгъу яхудитэкIащ, езым и гъуэр кьыззрыхагъэщIар тIэу кьудейщ. А псом я фIыгъэкIэ епщыкIубланэ уВыпIэм кьикIри, тхуKIэ кьыдэкIуэтеящ икIи япэ дивизионыр ирагъэбгъынэнкIэ шынагъуэ щыIэжкъым. Уеблэмэ premьер-лигэми щIэбэныфынущ, ещанэ-еплIанэ уВыпIэхэм щытхэм яфIэкIуэ-ныкIэ зэхъэзэхуэм щыщIидзэжьынур етIанэгъэщ. Гъатхэпэм и 9-м «Спартак-Налшыкым» кьригъэблагъэнущ Хабаровск и «СКА-Энергия»-р.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIар

Командзэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Мордовия»	24	17	4	3	43-18	55
2. «Алания»	23	14	4	5	29-16	46
3. «Арсенал»	24	12	4	8	36-29	40
4. «Шинник»	24	12	4	8	34-28	40
5. «Луч-Энергия»	24	11	7	6	26-10	40
6. «Торпедо»	24	11	6	7	24-14	39
7. «Уфа»	23	11	6	6	27-23	39
8. «СКА-Энергия»	24	10	7	7	24-21	37
9. «Газовик»	24	8	8	8	25-25	32
10. «Балтика»	23	8	7	8	22-22	31
11. «Енисей»	24	8	6	10	25-23	30
12. «Спартак-Налшык»	23	7	9	7	20-23	30
13. «Химик»	24	7	6	11	17-34	27
14. «Сибирь»	24	7	6	11	21-32	27
15. «Салют»	24	6	9	9	23-26	27
16. «Ротор»	24	6	8	10	24-25	26
17. «Динамо»	24	5	7	12	19-34	22
18. «Нефтехимик»	23	2	9	12	17-25	15
19. «Ангушт»	23	3	3	17	17-38	12

ЗэIущIэ нэужьым

ПЕТРЕНКЭ Сергей, *«Енисей»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Нобэ апхуэдэхэр диIакъым

- Тхьэм и шыкурц, зэхьэзэхуэр зэпыуащи. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, футболист псоми кьагурыIуэркъым кьыдэщIхэм я деж жэуап зэрыщыхьыр. Иджы Іэмал диIэнущ ар япхьидгъэкIыну. Зэхьэзэхуэр иухыным иджыри джэгугъуэ 12 иIэжщ икIи ди командзэм зэхуэкIыныгъэхэр хэтлъхьэнущ. Красноярск гуп лъэщ иIэн хуейц.

- Нобэрей зэIущIэм зыри щыхьэжакьым. Сыт ар кьызэхэIар?

- Джэгур ягъэлъэщын папщIэщ Іуэхущхэр кьыщIрагъэхьэр. Дэ нобэ апхуэдэхэр диIакъым.

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Гупыр адэкIэ зыгъэсэнур хэтми зэкIэ зэхэкIакъым

- Дэ псори дрогуфIэ очкощ кьызэрытхьам. Пэжщ, ди гъуащхьэхъумэр джэгум зэрыхахуам Іуэхуэр нэхъ гугъу кьытщинщащ, ауэ щIалэхэм лЫгъэ кьалъыкьуэкIащ икIи текIуэныгъэр яхъуэжащ. Иджы я гукъыдэжьым нэхъ зыкъыIэтауэ загъэпсэхунщ.

- Бжьыхьэм ди командзэр зэрыджэгуамкIэ фыарзы?

- ЗыкъомкIэ. Ауэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, ику итущ зыкъызэрыдгъэльэгъуар.

- АдэкIэ сыт фи мурад?

- Дыгъэгъазэм и 31-м тренерхэм ди контрактхэм я пIалъэр йокI. Командзэр зэхуэзышэсыжьынур нэгъуэщIу кьыщIэхьнущ. Абы теухуауэ сэ зэкIэ зыри сщIэркъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Си адэ-анэр полицэм щолажьэ»

● Зэпеуэ

НЫБЖЬЫщIэХЭМ я Іэдакъэщ Іэкъэм я нэхъыбэм хэпльагъуэрт художественнэ композицэ нэщIыса икIи нэхъыфIыр кьыхэпхыныр тыншагъкIи. Сурэтхэм, абыхэм нэгъуэщIу уедакъфынукъым, кьыщIигъэльэгъуар лъэкIыгъэм пэрыт полицейхэрт. Зым къытощ гъуэгу-пльыр кьулыкъым и лэжьакIуэхэр, адрейм - полицэм и участкэвэм кьызэхекIуахь и нэIэм щIэт щIыпIэр.

Куэдрэ зэчэнджэщ, я Іуэху епльыкIэхэмкIэ зэхъуэжа нэужь, япэ увыпIэр лъагъэсащ илъэси 6 зи ныбжь, Налшык кьалэ дэт «Улыбка» сабий сад №73-м и гъэсэн Іуэхущхэр Темырлан. ЩхьэлыкIуэ кьуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м щIэс Бзабэ Мухьэмэд (илъэси 9) етIуанэ хъуащ. Май кьалэм и курыт школ №5-м кIуэ Дзэгъэл Кристинэ (илъэс 12) ещанэ увыпIэр кьыхьащ.

Къэрал кIуэцIкIэ Іуэхуэсэнкіэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущапіэм щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, сурэт зэпеуэм дихьэхар сабийхэм я закъуэкъым, атIэ балигъхэми абы гулъытэ хуащIащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэ.

Республикэм щекIуэкIа «Си адэ-анэр полицэм щолажьэ» сурэт зэпеуэм кьрикIуахэр КъБР-м щыIэ МВД-м щыгъэхальхъэжащ. Абы хэтащ илъэси 6 - 12 ныбжьым ит сабий 60-м щIигъу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Мариндэ

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьлаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шырдий Мариндэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIыщджэ Замир, Хьэжькъаер Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ-ещанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэм Іуэхущапіэхэм ядлжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмолхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Тедджэ тхыгъэхэм кьащIыхьа бжыгъэхэм, кьащIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытекIым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ иощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хутыныгъэр хьэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущапіэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы иныкъуэм газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня**, редактору **Табыщ Динарэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхьатIыкI Аллэт** *(3, 4-нэ нап.),* корректорэм и дзэпыкъуэгъу **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Мариндэ, Щомахуэ Мариан-нэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2951

IэнатIэхэм ягъэувынухэр

Федеральнэ кьэрал бюджет щIэныгъэ Іуэхущапіэм - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиеи и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацIэмкIэ и щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым конкурс ирегъэкIуэ мы кьыкIэлъыкIуэ IэнатIэхэм игъэувынухэр кьыхихьи папщIэ:

- уравненэ зэхэдзахэмкIэ кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ - 1 IэнатIэ;

- уравненэ зэхэдзахэмкIэ кьудамэм и стажер-кьэхутакIуэ - 0,5 IэнатIэ;

- теоретическэ, математикэ физикэмкIэ кьудамэм стажер-кьэхутакIуэ - 0,5 IэнатIэ.

Конкурсым щытекIуахэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэри лъэкIапIэ ягъэув.

Ди адресыр: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и уэрам, 89 «а».

Телефонэр: 42-64-17, 42-66-61.

Дзэ къулыкъум хагъэхьэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык дэт и къудамэм контракткIэ дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр кьыхех дзэ къулыкъым ираджэу щIыIэхэм яцIыщу.

Контракт зращIылIахэм дзэ къулыкъур щрахьэкIыну щIыпIэхэр: Шэшэн Республикэм щыщ Шали, Калиновскэ, Борзой, Ахъчкъалэ жылагъуэхэр, Осетие Ипщэм щыщ Цхинвал кьалэр, Абхъаз Республикэм щыщ Гудауэтэ кьалэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ кьалэр.

Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык дэт и къудамэм запасым щыIэ офицерхэм (медицинэ IэжьакIуэхэм) ящыщхэр кьыхех Къэжьыпіэ дзэ округым (Восток Жьыжьэ) контракткIэ къулыкъу щащIэн папщIэ.

Контракткіэ дзэ къулыкъым хьыкьну ящIэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык дэт и къудамэм зыхуагъэзэн хуейщ мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Уэлэджырым и уэрам, (Красноармейскэ уэрамму щытар), 26, пщы №31. **Телефоныр**: 77-30-42. ЦIыхухэм щахуэзэр блыщхэз, бэрэжьей, мэрем махуэхэм сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыхуэ.

Кьыщтык Владимир Сабас и къуэм и ныбжьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэмрэ хуогузавэ абы и къуэш **Кьыщтык Сэлим Сабас и къуэр** дунейм зэрехьакам кьыхIэкIыу.